ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№110 (25.016) ● 2026 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 12, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ●

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ




# Хабзэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъоплъ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуIу гупым и зэIущIэ. Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м щыIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Васильченкэ Дмитрий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, хабзэхъумэ, кIэлъыплъакIуэ, къарузехьэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.**

ЗЭХУЭСЫМ щIидзэным ипэ къыихуэу, КIуэкIуэ Казбек абы хэтхэм яригъэцIыхуащ КъБР-м СледствиемкIэ щыIэ управленэм и унафэщIым и къулыкъум аргуэру ягъэува Устэ Валерэ. Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ абы и лэжьыгъэм фIыуэ зэрыхищIыкIыр икIи ар IэнатIэр егъэфIэкIуэным зэрыхуэщхьэпэнум шэч къызэрытримыхьэр.

Къэрал хабзэм тетыныр къызэгъэпэща зэрыхъум, Iулъхьэ зэIэпыхыным теухуа щIэпхъаджагъэхэм япэщIэтыным, ялэжьа апхуэдэ хабзэншагъэхэм кърикIуа мылъку хэщIыныгъэхэр егъэпшыныжыным и Iуэху зыIутым теухуауэ къэпсэлъащ республикэм и прокурор Хабаров Николайрэ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм Коррупцэм пэщIэтыным ехьэлIа IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI Тюбеев Амырхъанрэ.

Апхуэдэуи гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным. Абы и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIхэр зэпкърахыу къэпсэлъащ КъБР-м щыIэ МВД-м Гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ и къэрал инспекцэм и управленэм и унафэщI Бэджыдэ Юрэрэ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэнрэ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм я бжыгъэр, абыхэм псэдзыгъэ къэзышэхэри яхэту, гъэмэщIэным хуэунэтIа лэжьыгъэр нэхъри егъэфIэкIуэн зэрыхуейр. Абы хуэгъэпсащ Урысей Федерацэм гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ зэхалъхьа къалэн нэхъыщхьэхэри.

Зэрыщыту къапщтэмэ, лъэпкъ проектхэмрэ а унэтIыныгъэм теухуа программэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэзащIэ лъандэрэ мардэхэм къитIасэу зыхуей хуагъэзащ къэрал мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэм я процент 65-м щIигъур, щIыналъэ гъуэгухэм я процент 76-м нэхърэ нэхъыбэр. Лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI Налшык къалэмрэ республикэм и щIыналъэхэмрэ. Абыхэм къадэкIуэу, рулым дэсхэмрэ лъэсрызекIуэхэмрэ гъуэгу хабзэхэм тетыным хуэущииинми мыхьэнэшхуэ иIэщ.

ЗэIущIэм щхьэхуэу и гугъу щащIащ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ», «Туризмэмрэ хьэщIэ егъэблэгъэкIэмрэ», «Фейдэ къызыпэкIуэ, нэгъуэщIхэм япеуэфын экономикэ» лъэпкъ проектхэр щагъэзащIэкIэ къэрал хабзэр къызэпамыудыным пыщIа къалэнхэм зэрапэлъэщми. Абыхэм ятеухуауэ зэхуэсым къыщыпсэлъащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Журавлев Андрей, курортхэмрэ туризмэмкIэ министр Быф Аскэр, экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министр Рахаев Борис.

# Бжыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырыр

**УФ-м и Правительствэм щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и президиумым и зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ. Видеоконференц жыпхъэм иту ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.**

ЗЭIУЩIЭМ Iуэху нэхъыщхьэу щым щыхэплъащ: къэралым хыхьэ щIыналъэхэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзыр щIыкIэм, псэупIэхэр ухуэныр зэрекIуэкIым, апхуэдэуи «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектымрэ «Ухуэныгъэ» къэрал программэмрэ гъэзэщIа зэрыхъум.

Республикэм щыпащэ 2026 - 2027 гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыным пыщIа лэжьыгъэхэм. Гулъытэ хэха хуащI щIыналъэхэм аварийно-диспетчер гупхэр къыщызэгъэпэщыным, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм зыпэмыплъа щытыкIэ гугъухэр къыщыхъумэ, а ныкъусаныгъэхэр зыгъэззэкIуэжыну IэщIагъэлIхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыным.

Мы зэманым ирихьэлIэу республикэм и IуэхущIапIэхэр гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм процент 85-кIэ хуэхьэзырщ. IэнатIэм и лэжьыгъэр щызэблэу къэхъумэ, щытыкIэр гъэзэкIуэжыным хуэхьэзыр гупищэм щIигъу къызэрагъэпэщакIэщ, IэщIагъэлI 700-м щIигъу хэту, хуабэ, уэздыгъэ ятезыгуашэ резерв щIыпIэу 42-м я щытыкIэр къапщытащ. IуэхущIапIэхэр лъэхъэнэм хуэгъэхьэзырыным хуаутIыпщащ сом мелард 1,2-рэ - лэжьыгъэхэр псори жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIауэ щытын хуейщ.

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ унэхэр яубзыхуа пIалъэхэм тету яухуэ, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж, къагъэщIэрэщIэж. А лэжьыгъэхэм къызэщIаубыдэ школхэмрэ сабий садхэмрэ, щэнхабзэмкIэ унэхэмрэ гъуазджэхэм щыхуагъасэ школхэмрэ, поликлиникэхэр, социальнэ IуэхущIапIэхэр щIынымрэ къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынымрэ, псы кIуапIэщIэхэр укъуэдииныр, гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэныр, нэгъуэщI къалэн куэди.

«ЩIыналъэхэм зегъэужьын» лъэпкъ проектым хыхьэу Налшык щаухуэ сабий садиплI. «Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн» проектым тету «Нэхъыщхьэ» псы къыщIэшыпIэм хыхьэ объектитIым йолэжь, жылагъуэр псыкIэ къызэзыгъэпэщ ухуэныгъэ 19-ми лэжьыгъэхэр щокIуэкI. «Къалэдэсхэм я тыншыпIэр къызэгъэпэщын» программэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету зэIузэпэщ ящI щIыпIэ 38-рэ, 25-м лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIащ. Апхуэдэуи урысейпсо зэпеуэм щытекIуа проектищри ягъэзащIэ.

«Ухуэныгъэ» къэрал программэм тету республикэм сабий садищ, Безенгирэ Зэрэгъыжрэ спортзалхэр, Тырныауз псыр щагъэкъабзэ щIыпIэ щаухуэ. Егъэджэныгъэ IэнатIэм хыхьэ IуэхущIапIэу 54-рэ къызыхуэтыншу зэрагъэпэщыж.



## ЕхъулIэныгъэхэмрэ мурадыщIэхэмрэ

2-нэ нап.



## УсакIуэ пажэ, цIыху щыпкъэ

4-нэ нап.




## Псыгуэнсудэсхэм зэдагъэдэха пшыхь

9-нэ нап.




## Малъхъэдис

11-нэ нап.



## Iэзагъыр йофIэкI щIалагъэм

12-нэ нап.

# Жэрдэмхэр пхагъэкI

**Республикэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Къэрал Думэм и депутат, УФ-м и Къэрал Думэм Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» партым хэт, партым Кавказ Ищхъэрэм щиIэ щIыналъэ къудамэм и ЗэзыгъэуIу советым и унафэщI Макиев Зураб. Абы IущIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

АХЭР тепсэлъыхьащ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ «Урысей зэкъуэт» партым и лIыкIуэхэмрэ щIыналъэ жэрдэмхэр пхыгъэкIыным, Урысейм и Президент Путин Владимир къыгъэува къалэнхэр гъэзэщIэным теухуауэ зэрызэдэлэжьэну щIыкIэм. Къулыкъуэ щIэхэр щхьэхуэу къытеувыIащ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, абы хэтхэмрэ я унагъуэхэмрэ зэрызыщIагъэкъуэну Iэмалхэм, апхуэдэуи хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьынымрэ абы щылажьэхэм ядэIэпыкъунымрэ ехьэлIа хэкIыпIэхэм.

КIуэкIуэ Казбекрэ Макиев Зурабрэ адэкIи зэрызэдэлэжьэну унэтIыныгъэхэр къагъэлъэгъуащ.

Республикэм и Iэтащхьэм Къэрал Думэм и депутатым фIыщIэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкIуам икIи республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм гулъытэ зэрахуищIым папщIэ.



# ЕхъулIэныгъэхэмрэ мурадыщIэхэмрэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ Прохладнэ къалэмрэ Прохладнэ районымрэ я къулыкъущIэхэм. ЗэIущIэм къыщапщытэжащ блэкIа мазиблым социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ яхузэфIэкIахэр, къапэщылъ къалэнхэр яубзыхуащ.**

ИУЖЬРЕЙ зэманым Прохладнэ къалэми районми промышленностым къыщыщIагъэкIхэмкIи мэкъумэшми ехъулIэныгъэхэр къыщагъэлъагъуэ. Къапщтэмэ, Муниципалитетым инвестицэ проект 12 щагъэзащIэ. Абы и фIыгъэкIэ гъэ псом ущылажьэ хъуну IэнатIэ 307-рэ, пIалъэкIэ уздэувыфыну 250-рэ къыщызэIуахынущ. Мэкъумэшым епхауэ фермер IуэхущIапIэрэ уней хьэрычэтыщIэхэм ейуэ 617-рэ щолажьэ, унагъуэхэм щIапIэ мин 12,6-м щIигъу щызэрахьэ. Абыхэм къыщагъэкI гъавэхэкIхэр, джэшхэкIхэр, сэхуран, кIэртIоф, хадэхэкIхэр, жылэхэр щыхах, Iэщрэ джэдрэ щагъэхъу.

Лъэпкъ, къэрал, щIыналъэ проектхэмрэ программэхэмрэ япкъ иткIэ, районымрэ къалэмрэ псы зэрыкIуэ бжьамийхэр, социальнэ IуэхущIапIэхэм я Iэмэпсымэхэр яхъуэж.

Къуажэхэм зегъэужьын программэхэмкIэ Солдатскэм сабий IыгъыпIэрэ школрэ щаухуащ, Прималкинскэмрэ Красносельскэмрэ школхэр дащIыхьащ. Зыхуей хуагъэзащ Екатериноградскэм, Благовещенкэ, Ново-Полтавскэ, Солдатскэ жылэхэм дэт школхэр, Благовещенкэ дэт спорткомплексыр, Алътуд дэт ЩэнхабзэмкIэ унэр, «Зыужьыныгъэм и къежьапIэ» хэщIапIэу 16 къызэIуахащ.

Дызэрыт илъэсым зэрахьэну я мурадщ Алътуд, Псыншокъуэ, Лесной, Малакановскэ, Прималкинскэ жылэхэм я школхэр.

«Къалэхэр псэупIэ тынш щIын» къэрал проектым ипкъ иткIэ, жылагъуэ зэхэзекIуапIэрэ пщIантIэу 20-м нэс зыхуей хуагъэзащ.

Псы зекIуапIэхэр щахъуэжащ Красносельскэм, Къэрэгъэш, Пролетарскэм, Алътуд, Майскэ жылэхэм, Благовещенкэ, Учебнэм, Винограднэм, Ульяновскэм, Граничнэм, Янтарнэм, нэгъуэщI къуажэхэм. Лэжьыгъэр зэпымыуууэ йокIуэкI.

Гъуэгу ухуэныгъэхэмкIэ къызэщIаубыдащ Солдатскэ – Къэрэгъэш – Грабовец – Алътуд – Янтарнэ – Комсомольскэ жылэхэм пхыкI гъуэгу Iыхьэр, Заречнэмрэ Псыншокъуэмри храгъэубыдащ.

Ущыпсэу мыхъуэжыну фэтэрхэм щIэсхэр хуэмурэ унэщIэхэм ягъэIэпхъуэ. 2021 гъэм щегъэжьауэ 2025 пщIондэ фэтэр куэду зэхэт унэ 33-м цIыхухэр щIагъэтIысхьащ, ар псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 10231,7-м нос, фэтэр 243-рэ мэхъу, зэманым декIу псэупIэ иратащ цIыху 558-м.

ЗэIущIэр щекIуэкIащ Прималкинскэ жылэм дащIыхьа школыщIэм.

«Лэжьыгъэ псори ди Президент Путин Владимир къыхилъхьауэ щыта «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектымкIэ ирагъэкIуэкIащ, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIым. – Сабийхэр зэрыщIэмыхуэм къыхэкIыу, школыр куэд щIауэ гугъу ехьырт. Иджы еджакIуэ псори зэтехуэу пщэдджыжьым йокIуэлIэф. Класс къэс зэманым декIу Iэмэпсымэрэ техникэкIэ зэгъэпэщащ, унэлъащIэ къыхуащэхуащ. Химиемрэ физикэмкIэ кабинетхэм бжыгъэр зи лъабжьэ лабораторэхэр къыщызэIуахащ. «Зыужьыныгъэм и къежьапIэ» центр, спортзал хащIыхьащ школым. ЕгъэджакIуэхэми еджакIуэхэми зыхуэныкъуэну псори яIэщ».

КIуэкIуэ Казбек Прохладнэ къалэмрэ Прохладнэ районымрэ щыпсэухэр къигъэгугъащ нобэ къагъэнэIуа лъэIу псоми къыпэджэжыну.



# Республикэр хуэхьэзырщ хэхыныгъэхэм

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ республикэм и Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Президиумым и япэ бжьыхьэ зэIущIэр. Абы хэтащ Урысей Федерацэм и сенатор, КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэу ФедерацэмкIэ Советым щыIэ, Бюджетымрэ финанс рынокхэмкIэ комитетым и унафэщIым и япэ къуэдзэ Ульбашев Мухьэрбий.**

«КОМИТЕТЫМ и сыхьэтыр» траухуащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебгъуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэмрэ ЩIыпIэ самоуправленэм и депутатхэмрэ хэхыным и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къалэным зэрыхуэхьэзырым.

Егоровэ Татьянэ зэIущIэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ бжьыхьэ сессиер кIэщIу, ауэ Iуэхугъуэ купщIафIэхэмкIэ гъэнщIауэ зэрыщытынур икIи къалэн нэхъыщхьэхэр къигъэлъэгъуащ.

- Гъатхэ сессием и кIэм дубзыхуа Iуэхугъуэхэр жыджэру гъащIэм хэтпщэнущ. Дызыхэплъэну къытпэщылъ дэфтэр нэхъыщхьэхэм ящыщщ республикэм и финанс дэфтэр нэхъыщхьэр - «2027 гъэмрэ 2028 - 2029 гъэхэм тещIыхьа республикэ бюджетым и IуэхукIэ» КъБР-м и законыр. КъищынэмыщIауэ, къэпщытэныгъэ Iуэхугъуэ куэд дубзыхуащ, ахэр лIэужьыгъуэ 30-м щIегъу. Комитетхэм, Парламентым и Президиумым я зэIущIэхэр щIыпIэхэм жыджэру зэрыщедгъэкIуэкIым иджыри къыпытщэнущ, - къыхигъэщащ Егоровэм. - Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым КъБР-м и Парламентым гулъытэ хэха хуищIынущ парламент зэхуаку зэдэлэжьэныгъэр гъэбыдэным.

Егоровэ Татьянэ хэхауэ къыхигъэщхьэхукIащ УФ-м и ФС-м и Къэрал Думэм и ебгъуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и депутатхэмрэ къапэщылъ хэхыныгъэхэм зэрызыхуагъэхьэзырыр, ахэр къэралым къыпэщылъ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

«Комитетым и сыхьэтым» хыхьэу КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм убгъуауэ къыщыпсэлъащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав.

Хэхыныгъэхэр фокIадэм и 18-20-хэм къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымкIэ республикэр хуэхьэзырщ, абы цIыху минищым нэблагъэ щылэжьэнущ.

Урысейм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм (ЦИК) къищтащ политикэ партипщIым я кандидатхэм я федеральнэ спискэхэр. Iэ щаIэт махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм муниципальнэ хэхакIуэ кампаниеу 122-рэ щекIуэкIынущ. Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм дзэ Iуэху хэхам хэта цIыху 69-рэ кандидату щатхащ.

Джэшыр тепсэлъыхьащ хэхакIуэхэм хъыбар егъэщIэнымкIэ ягъэзащIэ «ИнформУИК» проектыр зэрызэфIагъэкIар, фэтэр, унэ къэс къакIухьурэ цIыхухэм хъыбарыр зэрыIэрагъэхьар. А лэжьыгъэ иным цIыху 1400-м щIигъу хэтащ, проценти 100-кIэ унэхэр къызэхакIухьащ, хэхакIуэхэм я процент 95-м хъыбар иращIащ. Абы ипкъ иткIэ къахутащ цIыху мин 18-м щIигъум унэм къыщIэмыкIыу Iэ яIэтыну гукъыдэж зэращIар.

Апхуэдэу хэхыныгъэхэм къыщагъэсэбэпынущ «Мобильнэ хэхакIуэ» системэр. А механизмым Iэмал къует къэралым и сыт хуэдэ хэхыпIэ участкэр нэхъ уфIэтыншми, Iэ щыпIэтыну, зэпымыууэ е пIалъэкIэ зыщрагъэтха щIыпIэм и мызакъуэу. ЗдэщыIэ щIыпIэм Iэ щаIэтыну лъэIу тхылъхэр ятхакIэщ цIыху минрэ ныкъуэм щIигъум.

Джэш Вячеслав къыхигъэщащ хэхакIуэ бюллетенхэр гъэхьэзырыныр къызыхуэтыншэу зэрызэфIагъэкIар. ФокIадэм и 7-м щегъэжьауэ ахэр республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ ирагъэхь, фокIадэм и 11-м зэфIэкIынущ.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ хэхыныгъэ Iуэхур зэIухауэ, нахуэу, шынагъуэншэу къызэгъэпэщыным хуэунэтIа лэжьыгъэми.

- ХэхакIуэ кампаниер пIалъэм тету йокIуэкI. ХэхыпIэ псори ягъэхьэзыращ икIи зыхуеину технологие IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщащ. КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэр хуэхьэзырщ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и депутатхэмрэ я хэхыныгъэхэр егъэкIуэкIыным, - жиIащ Джэшым.

Парламент фракцэхэм я унафэщIхэу Кебеков Владимиррэ («Захуагъэ здэщыIэ Урысей») Пащты Борисрэ (КПРФ) КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм фIыщIэ хуащIащ, IуэхущIапIэм политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм сыт щыгъуи зыхуэныкъуэ къызэгъэпэщыныгъэ-методикэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыритым папщIэ.

Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Мэлбахъуэ Борис КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и лэжьыгъэр къэралым щынэхъыфIхэм ящыщу къилъытащ.

ЕкIуэкIа псалъэмакъым къърикIуахэм, къыхалъхьа жэрдэмхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и Президиумым унафэ къищтащ.

ЗэIущIэм апхуэдэу щыхэплъащ хабзэ зыбжанэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным. Парламентархэр тепсэлъыхьащ федеральнэ законхэм я проектхэм, къэралым и щIыналъэхэм къикIа хабзэубзыху жэрдэмхэм, щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, УФ-м судья зэгухьэныгъэм и органхэм, УФ-м и турист лэжьыгъэм и лъабжьэхэм ятеухуауэ зэрызыкъыхуагъэзахэм, административнэ хабзэхэр къызэпызыудхэм ятеухуауэ Урысей Федерацэм и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, нэгъуэщIхэми.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

**«Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ дзэ къулыкъур щезыхьэкI дзэ къулыкъущIэхэм зэ етыгъуэу ахъшэхэр етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №63-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зэгурыIуэныгъэкIэ дзэ къулыкъур щезыхьэкI дзэ къулыкъущIэхэм зэ етыгъуэу ахъшэхэр етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №-63-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, «б», «в», «г» пункт къуэдзэхэр, мыпхуэдэу къэхьауэ:

«б) 2024 гъэм шыщхьэуIум и 15-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм гъатхэпэм и 31-м къриубыдэу зэгурыIуэныгъэ иращIылIамэ – сом мин 1500-рэ, 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм фокIадэм и 9-м къриубыдэу – сом мини 2100-рэ, 2026 гъэм фокIадэм и 10-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м къриубыдэу – сом мини 2800-рэ;

в) дзэ къулыкъур резервым щыIэ дзэ гупхэм хэтыну зэгурыIуэныгъэ 2025 гъэм шыщхьэуIум и 10-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм гъатхэпэм и 31-м къриубыдэу иращIылIамэ - сом мин 1800-рэ, 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм фокIадэм и 9-м къриубыдэу – сом мини 2400-рэ, 2026 гъэм фокIадэм и 10-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м къриубыдэу – сом мини 3100-рэ (мы пунктым и «б» пункт къуэдзэм къыщыгъэлъэгъуа ахъшэр ирамыту);

«г) Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зезыгъакIуэр зэрымыс кхъухьлъатэхэм епхауэ къулыкъур езыхьэкI дзэхэм хэтыну зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэмэ - 2026 гъэм мазаем и 20-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм гъатхэпэм и 31-м къриубыдэу - сом мин 1800-рэ, 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм фокIадэм и 9-м къриубыдэу - сом мин 2400-рэ, 2026 гъэм фокIадэм и 10-м къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м къриубыдэу – сом мини 3100-рэ (мы пунктым и «б» пункт къуэдзэм къыщыгъэлъэгъуа ахъшэр ирамыту).».

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2026 гъэм фокIадэм и 9-м*
*№94-УГ*



# Уи бзэр уи псэу, уи дунейуэ

**Ди къэралышхуэм хыхьэ щIыналъэ псоми мы тхьэмахуэм щагъэлъэпIащ УФ-м и Президентым къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ махуэгъэпсым къыхыхьа махуэщIыр: ди Хэкум щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм я махуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрми гулъытэншэ щыхъуакъым ар. ЕджапIэхэми, гъэсапIэхэми, щэнхабзэм и IэнатIэхэми щызэхашащ махуэшхуэ зэIущIэхэр.**

АНЭБЗЭМ апхуэдэ къэрал гулъытэ зэригъуэтым уримыгуфIэнкIэ, уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ зи анэдэлъхубзэм хуэфащэ гулъытэ хуэзыщI лъэпкъым и къэкIуэнур дахэщ. Абы къыщIэувэ щIэблэу анэдэлъхубзэм и къарур, и IэфIыр гурэ псэкIэ зыхэзыщIэм, ар зыгъэшэрыуэфым, зи гупсысэр абыкIэ къэзыIуэтэфым, шэч хэмылъу, и зэхэщIыкIыр нэхъ куу, и акъылыр нэхъ жан, и дуней тетыкIэри нэхъ зэпэщ мэхъу. Уеблэмэ апхуэдэхэр гурэ псэкIэ нэхъ къулейщ, езыхэри нэгъуэщIхэм елъытауэ нэхъ насыпыфIэщ. А псоми къикIращи, анэдэлъхубзэр цIыхум и дуней тетыкIэм, щыIэкIэпсэукIэм и лъабжьэ быдэу щытщ.

Анэдэлъхубзэм бгъэдэлъ апхуэдэ къарумрэ зэфIэкIхэмрэ студентхэм яхутепсэлъыхьын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мы махуэхэм щыIащ психологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор цIэрыIуэ Къэбардэ Мухьэмэд Къанщобий и къуэр. Лъэпкъ еджагъэшхуэр ирагъэблэгъащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэмрэ университетым и Адыгэ щэнхабзэ центрымрэ къызэрагъэпэща зэIущIэм.

ХьэщIэ лъапIэр зрихьэлIа Iуэху дахэр иригъэкIуэкIащ адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент Къардэн Мусэдин. Зэхуэсым и пэщIэдзэу абы къызэхуэсахэм яригъэцIыхуащ къахуеблэгъар: Къэбардэр илъэс куэд щIауэ щопсэу ди къэралым и щыхьэр Москва, Ломоносовым и цIэр зэрихьэу абы дэт МКъУ-р 1973 гъэм ехъулIэныгъэ иIэу къиухащ. 1983, 2001 гъэхэм кандидат, доктор диссертацэхэр утыку ирихьащ, ахэри щытхъушхуэ яIэу пхигъэкIащ. А щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр бзэхэмрэ абыхэм ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэмрэ ятещIыхьауэ щытащ. Къэбардэ Мухьэмэд мы зэманым щолажьэ Урысейм егъэджэныгъэмкIэ и академием, абы дифференциальнэ психологиемрэ психофизиологиемкIэ и къудамэм и унафэщIу.

Мухьэмэд и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 200-м нэс. Абыхэм пщIэшхуэ щаIэщ щIэныгъэ дунейм, зэлэжь унэтIыныгъэм ирилажьэ IэщIагъэлIхэм, абы хуеджэ студентхэм къагъэсэбэпу. Къэбардэ Мухьэмэд и унафэм щIэту ягъэхьэзыращ икIи ехъулIэныгъэкIэ пхагъэкIащ кандидат диссертацэу пщыкIуз. Зыпэрыт IэнатIэм щиIэ ехъулIэныгъэ лъагэхэм къапэкIуэу Къэбардэр куэдрэ ягъэпэжащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэмкIэ, щIыхьыцIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ. Мухьэмэд УФ-м и Президентым и саугъэтым и лауреатщ.

КъБКъУ-м иджы япэу щыхьэщIэ ди лъахэгъум егъэджакIуэхэми студентхэми псалъэмакъ хьэлэмэт ядригъэкIуэкIащ. Абы хуабжьу игъэщIагъуэу икIи и гуапэу къыхигъэщащ еджапIэ нэхъыщхьэм щытепщэ къабзагъэмрэ абы щызекIуэ хабзэ дахэмрэ. Зэман кIыхь хъуауэ Москва щыпсэу, щылажьэ пэтми, Мухьэмэд и адыгэбзэр зыкIи мыбгъунлъауэ дахэт, екIут, зэпэщт. АфIэкIа хэмылъу щIэныгъэлIым занщIэу къыдихьэхащ и псэлъэгъухэр.

Зэхуэсым кърихьэлIа егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ хьэщIэ лъапIэм хуэгъэза упщIэхэр я куэдт. Анэдэлъхубзэ дахэ зыIурылъ Къэбардэм ахэр еупщIырт и унэ имысу, и лъэпкъ хэмысу и анэбзэр дауэ ихъумэфами. А упщIэхэм я жэуапу Мухьэмэд жиIащ:

- ЦIыхум Iурылъ анэдэлъхубзэр абы и психологием къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Анэр и ныбэм ихъуа сабийм езым и бзэкIэ епсалъэмэ, цIыкIур дунейм къытехьа нэужь, а анэбзэр зыми химыгъэгъуащэу йокIуэкI. Сэри аращ. СызэрыцIыкIурэ си анэр къызэрызэпсэлъа, курыт школым сызэрыщеджа, дунейм сызэрыхыхьа си анэдэлъхубзэр сIэщIэзыгъэхун, сIэпызыхын къару щыIэкъым, - жиIащ Къэбардэ Мухьэмэд. - Анэдэлъхубзэр щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным зэран хуэхъуу къалъытэу ар зи быным езымыгъэдж адэ-анэхэр хуабжьу щоуэ. Уи бзэм къыуит зыужьыныгъэм, къыббгъэдилъхьэ фIыгъуэхэм хуэдэ нэгъуэщI зы къигъэхъуапIи щыбгъуэтынукъым. Фэ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ нэхъ кууэ хуеджэ щIалэгъуалэм, фи насып къикIащ абыкIэ: вбгъэдэлъ лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ гупсысэмрэ я лъабжьэр нэхъри егъэбыдэ анэдэлъхубзэм, лъэпкъ щэнхабзэм хувиIэ лъагъуныгъэм. Апхуэдэуи абы къару мыкIуэщIрэ гушхуэныгъэ лъэщрэ къыфхелъхьэ. Зи анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъу дэтхэнэми къыгурыIуэнущ ар. Ар сэри си щхьэкIэ згъэунэхуа Iуэхугъуэщ.

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэр студентхэм яхутепсэлъыхьащ бзэм теухуауэ и къалэмыпэм къыпыкIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм. Ахэр и щапхъэу, Мухьэмэд гъэщIэгъуэну, дахэу, гурыIуэгъуэу къызэпкърихащ егъэджакIуэхэмрэ студент щIалэгъуалэмрэ я упщIэхэр.

Зэхуэсым и кIэухыу Къэбардэ Мухьэмэд фIыщIэ ищIащ зэIущIэм къызэрырагъэблэгъар. Еджагъэшхуэр КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэхэм, Щэнхабзэ центрым и IэщIагъэлIхэм яхуэупсащ иужьрейуэ и къалэмыпэм къыпыкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ. Апхуэдэу ар еджакIуэхэм гуапэу ехъуэхъуащ щIэныгъэ куу зрагъэгъуэтыну, я псэу, я дунейуэ щыт я анэдэлъхубзэр зэи IэщIыб ямыщIу заужьыну, я мурадыфIхэр къайхъулIэну.

Iуэхур къызэзыгъэпэщахэми абы хэта щIалэгъуалэми фIыщIэ ин хуащIащ Къэбардэм, зэман къигъуэту къазэрыхуэкIуам, Iуэхугъуэ хьэлэмэт куэдым ахэр щыгъуазэ зэрыхуищIам папщIэ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**




**● ЦIыхум зиукIыжыныр къэмыгъэхъуным и дунейпсо махуэм**

# ГъащIэр лъапIэщ

**ФокIадэм и 10-м, ЦIыхум зиукIыжыныр къэмыгъэхъуным и дунейпсо махуэм, ирихьэлIэу Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и IуэхущIапIэхэм щрагъэкIуэкIащ «ГъащIэ» акцэ. Абы и купщIэ нэхъыщхьэр ягъэтIысахэм я гупсысэхэр фIым траухуэнырщ, езыхэми зыхэтхэми зэран яхуэхъу я дуней тетыкIэр хъуэжынырщ.**

IУЭХУЩIАПIЭХЭМ лэжьыгъэ щхьэпэхэр щрагъэкIуэкIащ - тезырыр езыхьэкIхэм дерсхэр, чэнджэщхэр иратащ, апхуэдэуи я хьэл-щэным кIэлъыплъыжыным, щытыкIэ гугъум къызэрикIыным теухуауэ яущиящ.

Колоние №1-м псалъэмакъ купщIафIэ щригъэкIуэкIащ ИК-1-м и унафэщIым дин зезыхьэхэм ядэлэжьэнымкIэ и дэIэпыкъуэгъу НэщIэпыджэ Мухьэмэд. Абы ягъэтIысахэм яжриIащ Iуэху мыщхьэпэхэм хэтыныр динми зэримыдэр. Iимамым зыIущIахэм чэнджэщ яритащ гъуэгу захуэм тету, хабзэр къызэпамыуду псэуну.

Iуэхум къыхашащ балигъ мыхъуауэ суд зытращIыхьахэри. Псалъэмакъхэр драгъэкIуэкIащ уголовно-гъэзэщIакIуэ инспекцэм и къудамэу Прохладнэ щыIэм и учетым щыт ныбжьыщIэхэми. Абыхэм ирагъэлъэгъуащ я гъащIэм къащыхуэщхьэпэну социальнэ фильм. КъинэмыщIауэ, ахэр пхыкIащ «Ущелье» методикэр къыщагъэсэбэп арт-терапием. Психологхэр апхуэдэ ныбжьыщIэхэм ядоIэпыкъу гъащIэм лъэ быдэкIэ хэувэнымкIэ, щхьэжэ ящыхъункIэ хъуну щытыкIэхэм къызэрикIыфынум ирагъасэ, Iэмал имыIэмэ, хэкIыпIэ къэгъуэтынымкIэ я нэхъыжьхэм зыхуагъэзэн зэрыхуейри гурагъаIуэ.

Социальнэ роликхэр щагъэлъэгъуащ IуэхущIапIэм и IэнатIэ псоми. Апхуэдэуи абыхэм къыщызэрагъэпэщат Iуэхум ехьэлIа хъыбархэр къызытещ стендхэр.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**



# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 12,**
***щэбэт***

♦ **Япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэм зыщIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦ **Программистым и махуэщ**

♦ **1930 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Брат Хьэбас**.

♦ **1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **ШэджыхьэщIэ Аслъэнбий**.

♦ **1960 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мамыщ Владимир**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 26-рэ, жэщым градус 14 щыхъунущ

**ФокIадэм и 13,**
***тхьэмахуэ***

♦ **1919 гъэм** къалъхуащ драматург, режиссёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Тубай Мухьэмэд**.

♦ **1934 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Шорэ Хьэсин**.

♦ **1937 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Бицу Георгий**.

♦ **1941 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Джыназ Борис**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 26-рэ, жэщым градус 16 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 14,**
***блыщхьэ***

♦ **1871 гъэм** къалъхуащ генерал-майор, КъуэкIыпIэ Жыжьэм пащтыхьым и дзэм и дзэзешэу щыIа **Хьэгъундокъуэ Едыдж**.

♦ **1914 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **ХъытIу Сайдин**.

♦ **1947 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу, псапащIэу щыта **Дер Станислав**.

♦ **1950 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Щоджэн БетIал**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 28-рэ, жэщым градус 17 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 34-рэ: 17-р хъыджэбз цIыкIущ, 17-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 33-рэ: 14-р хъыджэбз цIыкIущ, 19-р щIалэщ.

*ФокIадэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 280-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 6185-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЩытхъукIей нэхърэ убыкIафIэ.**

# УсакІуэ пажэ, цІыху щыпкъэ

## ЩоджэнцІыкІу Іэдэм къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу



ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Іэдэм Угъурлы и къуэр Бахъсэн районым хыхьэ Кушмэзыкъуей къуажэм 1916 гъэм фокІадэм и 10-м къыщалъхуащ. 1926 гъэм пэщІэдзэ еджапІэм щІэтІысхьащ. Ар къиухыу зы илъэскІэ колхозым щылэжьа нэужь, Налшык дэт Ленинскэ еджапІэ къалэ цІыкІум щеджащ. Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр къиухри, Дыгулыбгъуей къуажэм егъэджакІуэу щылэжьащ.

1939 гъэм ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ. А илъэсым къыдэкІауэ щыта «Догъагъэ» сборникым ихуат Іэдэм и уситІ.

И пэщІэдзэм щыщІэдзауэ Хэку зауэшхуэм хэтащ Іэдэм, гъуэгуанэ кІыхьи зэпичащ. Ар яхэтащ Кавказыр, Украинэр, Молдовэ щІыналъэхэр хуит къэзыщІыжахэм, адэкІэ Румынием, Венгрием, Австрием, Чехословакием и къалащхьэ Прагэ нэсащ. А илъэсхэм зауэлІым зэхуэдэу игъэбзащ фочри къалэмри.

Зауэ нэужь илъэсхэм ЩоджэнцІыкІум къулыкъу зыбжанэ зэблихъуащ. 1947 гъэ пщІондэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым литературэмрэ ІуэрыІуатэмкІэ и секторым и унафэщІу щытащ. 1947 - 1951 гъэхэм Къэбэрдей педагогикэ институтым и егъэджакІуэщ. 1954 гъэм Іэдэм хахащ республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэу. 1955 - 1956 гъэхэм ар щэнхабзэмкІэ министрщ. 1965 - 1970 гъэхэм ЩоджэнцІыкІу Іэдэм «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу щытащ.

Республикэм и жылагъуэ-политикэ гъащІэми жыджэру хэтащ Іэдэм. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, мамырыгъэр хъумэнымкІэ республикэ комитетым и унафэщІу куэдрэ хахащ.

Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм, литературэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІахэм ящыщщ ЩоджэнцІыкІур. Тхылъ куэд и Іэдакъэ къыщІэкІащ, абыхэм ящыщ Іэджэ нэгъуэщІыбзэхэмкІи зэдзэкІауэ дунейм къытехьащ. Лъэпкъ литературэм езым и псалъэрэ и гупсысэрэ хилъхьэн хузэфІэкІащ Іэдэм, и усэхэр лиризм къабзэкІэ псыхьащ, абы и лІыхъужьхэр - лэжьыгъэ ІэнатІэм бгъэдэт цІыху гуащІафІэрщ.

Усыгъэри тхыгъэри зэхуэдэу къехъулІащ Іэдэм. Абы и повестхэм къыщыІэтащ адэ-анэхэмрэ бынхэмрэ, щІалэгъуалэмрэ нэхъыжьхэмрэ я зэхущытыкІэхэр. НыбжьыщІэхэр зыпэщІэхуэ лъэпощхьэпохэм ебакъуэурэ зэрызаузэщІым, я гупсысэр нэху зэрыхъум набдзэгубдзаплъэу кІэлъоплъ тхакІуэр. ЩоджэнцІыкІум и повестхэр, рассказхэр щыхьэт тохъуэ лъэпкъ литературэм лирическэ прозэкІэ дызэджэр лъэ быдэкІэ зэрыщызэфІэувам.

Іэдэм икІи зэдзэкІакІуэ Іэзэт. Абы адыгэбзэм къригъэзэгъащ Шекспир Уильям, Пушкин Александр, Шевченкэ Тарас, Маяковский Владимир, Хетагуров Коста, Есенин Сергей, Тихонов Николай, Твардовский Александр сымэ, нэгъуэщІхэми я тхыгъэ куэд.

Ди литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ ЩоджэнцІыкІу Іэдэм 1969 гъэм къыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ» цІэ лъапІэр, 1976 гъэм абы къыхуагъэфэщащ ГуащІэдэкІым и Бэракъ Плъыжь орденыр.

ЩоджэнцІыкІу Іэдэм и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ теухуа тхыгъэр никъуэ хъунущ зэман зэхуэмыдэм къэзыцІыхуу щытахэм хужаІахэр щІымыгъумэ.

**МИХАЛКОВ Сергей**, *тхакІуэ, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтым, СССР-м и Къэрал саугъэтхэм я лауреат:* - Кавказ Ищхъэрэм и лирик нэхъыфІхэм ящыщ ЩоджэнцІыкІу Іэдэм гум дыхьэу, гъуэзэджэу хуоусэ цІыхум и гуащІэм.

Іэдэм усакІуэ къудейкъым, ар икІи прозаик Іэзэщ - абы итхахэм ящыщщ хуабжьу цІэрыІуэ хъуа повесть купщІафІэхэу «Софят и гъатхэ», «Уи цІэр фІэсщынщ» жыхуиІэхэр.

**КАЗАКЕВИЧ Эммануил**, *тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат:* - «ЗэгуакІуэр дахэщ», «Уэздыгъей», «Псым щхьэщыт пхъэхуей», «Пэрымэр егуэш жыг хадэм» усэхэм, нэгъуэщІ усэ телъыджэхэми хуэдэ зытхыфынкІэ хъунур гурыщІэ куу, талант ин зиІэ усакІуэщ.

**СМИРНОВ Сергей**, *Горький Максим и цІэр зезыхьэ Къэрал саугъэтым и лауреат:* - ЩоджэнцІыкІу Іэдэм и усэхэм сыт щыгъуи щынэрылъагъуущ ар нобэрей зэманым декІуу, къызыхэкІа лъэпкъыр имыгъэгъуащэу зэрыщытыр. Абы и усэхэр гъэхуащ, пыухыкІащ. Абыхэм гурыщІэ лъагэ, гупсысэ куу япкърылъщ.

**ШОШИН Владислав**, *тхакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор:* - Къэбэрдей-Балъкъэрым сыщыщыІам сэ къэслъыхъуащ а лъахэм уардэу щхьэщыт къурш абрагъуэхэм, аузхэм, абы щыпсэу цІыхухэм я псэм и дахагъэр псалъэкІэ къэзыІуэтэфын. ИкІи сызылъыхъуэр къэзгъуэтащ - ар ЩоджэнцІыкІу Іэдэм и усыгъэрщ...

**ГРИНБЕРГ Иосиф**, *филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор:* - ЦІыхум и гум щыщІэхэр, и псэм щигъафІэхэр тэмэм дыдэу, телъыджэу зи усэхэм къыщызыгъэлъагъуэ ЩоджэнцІыкІу-усакІуэм и повестхэм купщІэшхуэ япкърылъщ, цІыхум и хьэл-щэнхэр, и дуней тетыкІэр нэгъэсауэ къызэкІуэцІах.

ЩоджэнцІыкІу Іэдэм ІэкІуэлъакІуэу, нэгъэсауэ ущегъэгъуазэ бгырыс гъащІэр зыхуэдэм, зэманыжьым къыщІэна хабзэжь мыхъумыщІэхэмрэ иджырей гъащІэмрэ яку дэлъ бэнэныгъэр абы Іэзагъышхуэ хэлъу къыщигъэлъэгъуэжащ «Софят и гъатхэ», «Уи цІэр фІэсщынщ» повестхэм.

**РУСАКИЕВ Семион**, *София (Болгарие) къалэм дэт университетым и профессор:* - София къалэм дэт университетым советскэ литературэмкІэ щыІэ кафедрэм хуабжьу тфІэгъэщІэгъуэну щыгъуазэ зыщыхуэтщІащ уи тхыгъэхэм. Студенткэ Ельфимовэ Тамарэ уи «Софят и гъатхэ» повестым теухуауэ диплом лэжьыгъэ итхащ.

Уэ уи усыгъэхэмкІи уи прозэмкІи нэгъэсауэ уусакІуэщ. Гупсысэшхуэ, гурыщІэ ин зиІэ уусакІуэщ.

**ПРОКОФЬЕВ Александр**, *усакІуэ, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтым, СССР-м и Къэрал саугъэтым я лауреат:* - ЩоджэнцІыкІу Іэдэм и усыгъэмрэ прозэмрэ зытеухуар цІыхумрэ абы и гуащІэмрэ, цІыхумрэ ар зыщыпсэу зэманымрэ, цІыхумрэ абы и дунеймрэ епха Іуэхугъуэхэрщ. Ахэр ЩоджэнцІыкІум гъунапкъэ зимыІэ гъащІэм и къэхъукъащІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ цІыхум къабыл ящыхъуу нэгъэсауэ зэпкърех.

**МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ**, *СССР-м, РСФСР-м я къэрал саугъэтхэм я лауреат:* Ди къуэшхэм литературэм щаІэ ехъулІэныгъэхэм ину дыщогуфІыкІ. КІыщокъуэ Алим, ЩоджэнцІыкІу Іэдэм, Теунэ Хьэчим сымэ я къалэмыпэм къыщІэкІахэр гъащІэм дыхуезыгъаджэ, дыхуэзыущий тхылъщ.

**НАЛО Ахьмэдхъан**, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ:* - Къыщалъхуа Хэкум, къызыхэкІа лъэпкъым куэд яхуилэжьыфащ ЩоджэнцІыкІу Іэдэм. Псом япэрауэ, къэралыр гузэвэгъуэ щыхэхуа лъэхъэнэм Хэкум и хъумакІуэ пэжхэм ящІыгъуу лІыгъэ щызэрихьэу ар хэтащ псэзэпылъхьэпІэ зауаем, текІуэныгъэ къэзыхьахэм яхэту къигъэзэжащ.

Мамыр ІэнатІэм Іуувэжа нэужь, абы иІакъым зы махуэ зыгъэпсэхугъуэ. ЗэрыусакІуэм, зэрытхакІуэ гъуэзэджэм къыдэкІуэу, Іэдэм къекІуэкІащ щІэблэм я гъэсакІуэ, ущиякІуэ нэсу. Художественнэ литературэр кууэ зыхищІэрт, Іэрыхуэуи тхэрт. А псом къадэкІуэуи ар икІи унафэщІ ІэкІуэлъакІуэт. Ленинскэ еджапІэ городокым зэрыщеджэ лъандэрэ махуэл имыІэу жылагъуэ лэжьыгъэми хэтащ.

Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщхьэхукІыну сфІэфІщ Іэдэм Іуэхукlэ узыбгъэдыхьэ хъун цІыхуу зэрыщытар - гуфІэгъуэкІи гузэвгъуэкІи жэуап зыщыбгъуэтт ар.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд**, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ:* - ЩоджэнцІыкІу Іэдэм ящыщщ зэманым и гуауэри и гуфІэгъуэри дэзыгъэву абыхэм усэбзэ шэрыуэкІэ япэджэжа ди адыгэ тхакІуэ нэхъыжьхэм. ЩоджэнцІыкІу Алий и чэнджэщ Іущхэм тету къыщІэзыдза Іэдэм хузэфІэкІащ КІыщокъуэ Алим, Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий, КІуащ БетІал сымэ ябгъурыувэу адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэр, и литературэр хэкупсо утыкум ирихьэн.

**ГУРТУЕВ Берт**, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ:* - АдыгэлІ губзыгъэу, тхакІуэ телъыджэхэу зыбжанэм сащыдэлэжьащ сэ ди республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм. Абыхэм ящыщщ Нало Жансэхъу, ЩоджэнцІыкІу Алий, КІыщокъуэ Алим, нобэ псалъэ гуапэ зыхужысІэ ЩоджэнцІыкІу Іэдэм. ФІыуэ сыщыгъуазэщ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и гъащІэ гъуэгуанэми и лэжьыгъэми.

Литературэм къыхыхьэным ипэкІэ егъэджакІуэу, ІуэрыІуатэр зэхуэхьэсыным, джыным елэжьу зэрыщытар иужькІэ Іэдэм куэдкІэ къыхуэщхьэпэжащ. Аращ абы и бзэр къулей, и тхыгъэр купщІафІэ, тхылъеджэхэм я гумрэ я псэмрэ дыхьэ зыщІар.

«Іэдэм», «Іэдэмлыкъ» жиІэмэ, «цІыху», «цІыхугъэ» жиІэу къокІ балъкъэрыбзэкІэ. ЦІыхугъэшхуэ зыхэлъ цІыху телъыджэу гъащІэ гъуэгуанэр къезыхьэкІа ЩоджэнцІыкІу Іэдэм и лэжьыгъэкІи, и дуней тетыкІэкІи егъэпэж а цІэр.

**ХЬЭХЪУПАЩІЭ Хьэжбэчыр**, *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ:* - ЩоджэнцІыкІу Іэдэм усыгъэми прозэми хуэшэрыуэу щытащ. Ар бзэ дахэкІэ тхэрт, цІыхур гъэсэнымкІэ литературэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр зэи зыщигъэгъупщэртэкъым.

Іэдэм ди республикэм и мызакъуэу, къэрал псом зэуэ цІэрыІуэ щыхъуащ, «Софят и гъатхэ» и повестыр дунейм къытехьа нэужь. А повестыр минищэ бжыгъэкІэ Налшыки Москваи мызэ-мытІэу къыщыдэкІащ. Абы ди прозэр лъагапІэщІэ тригъэуващ.

ЩоджэнцІыкІум и усыгъэри цІыхугъэ нэсрэ пэжыгъэ инкІэ гъэнщІат. Абы и усэ нэхъыфІхэм ящыщ зыбжанэм макъамэ щІалъхьащ ди композиторхэу Балэ Мухьэдин, Къардэн Хьэсэн, Молэ Владимир сымэ.

**МЭЗЫХЬЭ Борис**, *тхакІуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ:* - Бзэ дахэ зыІурылъ, гъащІэм кууэ кІуэцІрыплърэ и лъащІэ дыдэм щекІуэкІ къэхъугъэхэр къэзылъагъуфу дунейм тета тхакІуэ щэджащэм къигъэщІа усэ жьгъырухэр, образ щІэщыгъуэхэр къэбэрдей литературэм и фІыпІэщ. Іэдэм нобэ си нэгум щІэтщ япэ дыдэ щыслъэгъуам ещхьу - цІыху нэхутхьэхуу, и нитІым гуапагъэр щІэзрэ пыгуфІыкІыу. Апхуэдэу ар дунейм тетащ. Апхуэдэу ар и тхыгъэхэм яхэту дунейм къытенащ.

**<u>ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Іэдэм</u>**

### ЗэхэгъэкІыныгъэ

Схьат сэ жьыри уэфІри си напауэу,
ХуэмыщІыгъэ уэсхэри къыстеуэу.
Сымыгужьеями, сигу мыжану,
ЩыІэт щысфІэщІ сэ нэху мыщыжыну.

Гуауэ псыдзэм хэтт сраудыну,
Схьырт хунэмысыгъэр си удыну.
Ауэ щІауІукІыу япсыхьыхукІэ,
Жырыр нэхъри гуащІэу щхьэпэщ
ІуэхукІэ.

Ди щІымахуэм сыткІэ зигъэткІийми,
ЙокІ и пІалъэр, жьы борэнкІэ фийуэ.
Гъэ зэблэкІым тлъагъуу и дахагъэр,
Къос ди гъатхэр – дуней щІэрэщІэгъуэр.

Сэри гъатхэр схуонэху зэщысыкІыу,
Си щыщІагъэр нуркІэ схилъэсыкІыу.
Си гъэмахуэр къосри, куэд
слъигъэкІыу,
Сешэ, си зэфІэкІыр зэхигъэкІыу.

Псынэм и къабзагъэр къызыхэкІыр
Ар щІыгу лъащІэ гугъухэм
зэрыпхыкІырщ.

Сыпхыкlащ гугъуехьхэм, пэжыр гъуазэу,
ЛІыгъэм си гуращэр игъэкъабзэу.

### ЗэгуакІуэр дахэщ

Бахъсэн псыхъуэ дэт зы къуажэ
Гуэрым щопсэу зы хъыджэбз.
Гъатхэ дыгъэу, нэжэгужэщ,
Къоплъмэ, нэгум зызэІуебз.

Езым рулыр иубыдамэ,
Жыр машинэм псэ хохьэж,
Уэрэд жиІэу къыхидзамэ,
Бзум я усэр щагъэтыж.

Пэжу, лейуэ зы дахагъэ
НэкІи щхьэцкІи бгъэдэмылъ,
Е и нэкІукІи щхьэхэхыгъэ
ХуэпщІу набдзэ «лей» темылъ.

И нэр вагъуэм ебгъэщхьынкъым,
Удз гъэгъами хуэмыдэн.
«МыщІэплъ Іупи» – хужаІэнкъым,
Е къэфакІуэу мыкъудан.

Ауэ, фщІэркъэ, узэгуакІуэр
Дахэщ, сыткІи къогуэпэкІ,
Жэщи махуи уигу зыхуэкІуэр
Арщи, уи нэгу зикІ щІэмыкІ.

Сэ а пщащэм сепсэлъати,
Си пкъым мафІэ щІигъэнащ,
Сысымеижу, сыхуимытуи
Си гур Бахъсэн къыдэнащ.

### Гугъэ

Пшапэм вагъуэ хэлыдахэр
Уи нэр ару къысфІэщІат,
Ауэ уи нэм хуэзгъэдахэр
Нэху зэрыщу сфІэкІуэщІат.

Зи изыгъуэ мазэ нэхури
Сэ уи нэкІуу къысфІэщІат,
Ауэ сфІэщІа а напэхури
Нэху зэрыщу сфІэкІуэщІат.

Нэху зэрыщу дыгъэр пщІыпщІу
Тэджри – уэру къысфІэщІат,
Ауэ пшапэм кІыфІ зэрищІу,
Дыгъэ гуэрри сфІэкІуэщІат.

Си псэ, вагъуэу умыжыжьэ,
Мазэу махуэм умыбзэх.
Уэгуми, дыгъэу ужьэражьэу,
Усхуимыту, щІылъэм къех.

Вагъуи, мази, дыгъэ лыдри
Мис итІанэ къытхуепсынщ,
Дэ хъуэпсапІэу диІэ куэдри
ЩІыгу насыпым лъэІэсынщ.

### Си гъатхэр кІуакІэщ...

Си гъатхэр кІуакІэщ пасэу.
Гъэмахуэри сщІэххакъым.
Си бжьыхьэр уэст, къыстесэу,
Ауэ сыхуэдзыхакъым.

Гугъуехь-гухэщІыр Іэджэу,
СхулъэкІыр зэхагъэкІыу,
Згъэвахэщ сымылъаджэу,
Гъуэгу пэжми сытемыкІыу.

Зауаер схуэлыгъами,
Топауэу стегъуэгъуами,
Къэрабгъэу сикІуэтакъым,
ГухагъэкІи зыстакъым.

СпхыкІауэ сщІэрт хахуагъэм
ЗэриІэр уахътыншагъэ.
ГухэщІым, бгы задагъэм
ТекІуэфри зиІэрщ лІыгъэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ**.

## Мэрем, фокIадэм и 18

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.40** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** Большой концерт. Леонид Агутин (12+)
**23.55** Х/ф «ЛЕГЕНДЫ НАШИХ ПРЕДКОВ» (16+)
**01.30** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** «Ну-ка, все вместе!» (12+)
**23.55** «Истории Большой Страны» (12+)
**00.55** Х/ф «БЕЗ ЛЮБВИ» (16+)

### НТВ

**06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**06.25** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.25** Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
**09.25** Человек в праве с Андреем Куницыным (16+)
**10.35** «Первая передача» (16+)
**11.10** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.50** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (16+)
**20.00** Т/с «НЕВСКИЙ. БЛИЗКИЙ ВРАГ» (16+)
**22.15** Т/с «МАРИК» (16+)
**00.00** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**01.55** «Квартирный вопрос» (0+)
**02.50** Х/ф «ЛЮБОВЬ ПОД ГРИФОМ «СОВЕРШЕННО СЕКРЕТНО» -2» (16+)
**04.25** Х/ф «ЛЮБОВЬ ПОД ГРИФОМ «СОВЕРШЕННО СЕКРЕТНО» -3» (16+)

1957 гъэм сэ илъэсих фІэкІа сымыхъуу къуажэ школым сыкІуауэ щытащ. А зэманым Аслъэн и адэ ШэрІужь Іэуес адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэ лъэщу абы щылажьэрт. Си къуэш нэхъыжьхэри сэри дригъэджащ. Нэхъ иужькІэ къэсцІыхуащ Аслъэн и адэ къуэш Хьэсэни. Ар гъавэм и пІалъэр зыщІэу щІым телэжьыхь ІэщІагъэлІт. НэІуасэ сыхуэхъуащ мы унэ дызыщІэтым режиссёр нэхъыщхьэу щылэжьа ШэрІужь Толи. ЩІалэхэр ди къуажэгъу щІалэ губзыгъэм, зэфІэкІ зиІэм дехъуапсэу, дыкІэлъыплъырт, дытепсэлъыхьырт - театр псом и унафэщІу улэжьэныр къызэрымыкІуэтэкъэ! Зэкъуэшищми яжь къыщІихуащ ШэрІужь Аслъэн. Іуэхугъуэ куэдым хуэІэижьщ, пэжым тетщ, цІыхугъэшхуэ хэлъщ. Адэм къыхилъхьа хьэлыфІу, адыгэбзэм и пщІэр иІыгъщ. «Фызигъусэщ» фІищауэ щытащ Аслъэн япэу къыдигъэкІа усэ тхылъым. Иджырейм и фІэщыгъэри нэхъ дахэжщ: «Адэжь лъахэм узышэж гъуэгуанэ». Абы фІищам гурыІуэгъуэ ищІ си гугъэщ тхылъым фІыгъуэ куэд зэрыщызэхуэхьэсар, - жиІащ Валерэ, район администрацэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъри иритащ.

ШэрІужь Аслъэн ехъуэхъуащ Аруан щІыналъэм и администрацэм и унафэщІ ЛІыжьыкъуэ Хьэзрит.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ ШэрІужь Аслъэн и адэм и нэІэ щІэта классым щІэса, иужькІэ абы и лэжьэгъуи хъужа, илъэс щэ нықъуэкІэ егъэджакІуэ ІэщІагъэм пэрыта КъардэнгъущІ Амсирэт.

- Аслъэн и ІэщІагъэкІэ агрономщ. Абы нэмыщІи бгъэдэлъщ Тхьэр къызэрыхуэупса зэчий дахэ. ЛІыпІэ иувэщ, гъащІэм и къэгъэшыпІэхэр игъэунэхури, и зэчийм зыкъызэкъуихащ. «Фызигъусэщ» усэ тхылъым «зэ Іубыгъуэу» жыхуаІэм хуэдэу, сыкъеджауэ щытащ. ЩІыуэпсым, лъахэм, лъагъуныгъэм, цІыхугъэм, адэ-анэм, ныбжьэгъухэм ятеухуа усэ дахэ куэд итщ абы. Нобэ Аслъэн утыкум кърихьа тхылъри нэхъ кууужщ, гупсысэм зезыгъэубгъущ, - жиІащ абы. Амсирэт къеджащ а тхылъым ит зы уси - «Дывгъэхъумэ хабзэр, бзэр» жыхуиІэм.

ХъуэхъукІэ Аслъэн зыхуигъэзащ Псыгуэнсу къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Мухьэмэдин.

- Къэралым и щІыпІэ куэдым ІуэхуфІхэр щилэжьащ Аслъэн. Абыхэм ящыщщ Псыгуэнсу къуажэ администрацэм и унафэщІ ІэнатІэм зэрыпэрытари. А администрацэм нобэ Аслъэн гулъытэ хуещІ, - жиІащ абы икІи а ІуэхущІапІэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъыр иритащ.

Аслъэн узыншэну, и къалэмыпэм тхыгъэ куэд къыщІэкІыну, ахэр щІэджыкІакІуэхэм я гум дыхьэну ехъуэхъуащ Шыбзыхъуэ Руслан.

- ЗэманыфІкІэ дызэдэлэжьащ Аслъэн сэрэ. Ди гупсысэр зэтехуэрти, псалъэншэу дызэгурыІуэрт уеблэмэ. ЦІыхугъэ, адыгагъэ, гукъэкІ сытым дежи дыдолъагъу ди ныбжьэгъуфІым. НэгъуэщІуи хъунукъым. Аслъэн и адэ-анэр нэхъыжьыфІхэу дэсащ къуажэм. Іэуес щІэблэм сэбэп яхуэхъурт, куэдым гъэсэныгъэ яхилъхьащ. Дохутыр ІэщІагъэм хуэІэижьа Лолэ сэбэп зыхуэмыхъуа дэскъым къуажэм, - жиІащ абы.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ ШэрІужьым и ныбжьэгъу, и Іыхьлы Бэрбэч Заурбий:

- Псыгуэнсудэсхэм лІыгъэ фиІэщ - ар тлъэгъуащ ныщхьэбэ. Мыпхуэдэу фызэрыІыгъыу, фызэрыгъэлъапІэу Тхьэм фигъэпсэу! Аслъэн и адэмрэ сэрэ зэдэлъхузэшыпхъухэм драбынщ, дызэхуэгуапэу дыкъызэдогъуэгурыкІуэ. Сыхуейщ, ди къуэшым и мурадхэр адэкІи къехъулІэну сехъуэхъуну, - жиІащ абы.

ШэрІужьхэ я лъэпкъым къабгъэдэкІыу пшыхьым къыщыпсэлъащ, абы къеблэгъахэм фІыщІэ яхуищІащ, Аслъэн и унагъуэм ехъуэхъуащ ШэрІужь Руслан.

ШэрІужь Аслъэн жиІащ гъащІэм зыщрихьэлІа цІыхуфІхэм я сэбэп куэдрэ къызэрекІар, и пшыхьым кърихьэлІа дэтхэнэми фІыщІэ зэрыхуищІыр, тхылъ итхыным тезыгъэгушхуахэм я цІэ къриІуащ, и благъэ-Іыхьлыхэм зэрахуэарэзыр къыхигъэщащ.

- ГъащІэм цІыхуфІ куэдым сащрихьэлІащ, абыхэм хуабагъэ кърапъхьащ си гум. Япэрауэ, фІыщІэ яхузощІ си адэ-анэм, ди нэхъыжьхэм. Пэжщ, адэшхуитІыр тлъэгъуакъым, ауэ я гуапагъэ зыхэтщІащ, дахуэфэщэным дыхущІокъу.

Армэм сыщыІэу, «Адэшхуэ» жыхуиІэ япэ усэр стхауэ щытащ. Ар си ныбжьэгъум хуезгъэхьати, тхакІуэ Хьэх Сэфарбий иригъэлъэгъуауэ щытащ. Тхэным теухуауэ япэ лъэбакъуэ сэзыгъэчар, сытезыгъэгушхуар Сэфарбийщи, сытым дежи фІыщІэ хузощІ. Тхьэм ахърэт нэху кърит! Си лэжьыгъэ утыку къисхьэну сытезыгъэгушхуа Жылэ Хъусен и цІэр къисІуэу, фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ. Утыку сыкъихьэным хэлІыфІыхьащ Бейтыгъуэн Іэуес. Іэуес ІуэхуфІ куэд елэжь. Сабийуэ игъэгушхуэр, утыкум кърищэр дапхуэдиз! Тхьэм иригъэфІакІуэ! Лэжьыгъэ сызыпэрытымкІэ си нэхъыщхьэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Тхылъ къызэрыдэзгъэкІынум и гугъу щыхуэсщІа махуэм щегъэжьауэ си гупсысэр къыздиІыгъщ, чэнджэщ къызет. «Іуащхьэмахуэ» журналым и унафэщІ Мыкъуэжь Анатолэ си тхыгъэхэм гулъытэ къызэрыхуищІыр, цІыхухэр сэ стхыхэм къеджэнымкІэ сэбэп къызэрысхуэхъур икъукІэ си гуапэщ. Сытым дежи упщІэжэгъу сщІы ди къуажэ щІалэщ журналист Мыз Ахьмэд. Щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ Дохъушыкъуей къуажэм дэт лицейм и унафэщІу щыта КъарэцІыкІу БетІал, иужькІэ а ІэнатІэм пэрыта Иуан Фозэ, мы зэманым абы и унафэщІ Сэхъурокъуэ Анатолэ. Сэ къуажэ курыт еджапІэм сыкъыщІэкІа нэужь, а еджапІэм сыщеджащ, гукъэкІыж куэд сиІэщ абы епхауэ, - жиІащ Аслъэн.

ШэрІужь Аслъэн и пшыхьыр ягъэдэхащ езым итха уэрэдхэмкІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм щІыхь зиІэ я артист ДыщэкІ Артур - «Ди махуэшхуэщ», КъБР-м щІыхь зиІэ и артист ЦокІыл Азэмэт - «ТекІуэныгъэм и махуэшхуэ», «Хэплъыхь», «УсфІэдахэщ», КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Бэч Азэмэт - «Си лъахэ», Къэбэрдей-Балъкъэр филармонием и солисткэ Хьэкъул Оксанэ - «Уэ дунейм укъыщытехьа махуэщ», Къудей Аскэр - «Анэ», «Япэ лъагъуныгъэ», «Джэгур здекІуэкІым», «Псыгуэнсу»», Щокъуий Мурат - «УнагъуэщІэ», уэрэджыІакІуэ Вэрыкъуэ Мухьэмэд - «ПщІыхьым хэт дахащэ», Хьэщэ Рузанэ - «Жей, си нэху», КІэрашэ Анитэ - «Иужь уэзджынэ» уэрэдхэр ягъэзэщІащ. Актрисэ, уэрэджыІакІуэ Абазэхэ ФатІимэ жиІащ Окуджавэ Булат и «Жызумыпкъэ» уэрэдыр, ШэрІужьым адыгэбзэкІэ зэридзэкІауэ. Утыкур ягъэдэхащ Дунейпсо Артиадэм и лауреат Мыз Хьэжмурат зи художественнэ унафэщІ «Псыгуэнсу» къэфакІуэ гупым. КъБР-м и цІыхубэ, Ингуш Республикэм щІыхь зиІэ и артист Зеущэ Іэуес Аслъэн ехъуэхъуащ «Укъыщалъхуа махуэ» уэрэдымкІэ. Бейтыгъуэн Іэуесрэ езымрэ зэдатха «Насып гува» уэрэдыр жиІащ ШащІэ Маринэ. Аслъэн уэрэдкІэ ехъуэхъуащ адыгэбзэр фІыуэ зылъагъу, уэрэд жыІэнымрэ къафэмрэ дихьэх ШэрІужь Эмин цІыкІу. Пшыхьым Аслъэн и усэ къыщеджащ Надир Іэдэм цІыкІу. УсэбзэкІэ гъэпса хъуэхъукІэ адэшхуэм зыхуагъэзащ Абазэхэхэ Къамболэт, Къантемыр, Амалие сымэ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**НАФІЭДЗ Данэ** *ейщ.*

**● УФСБ-м къет**

## Терроризмэм и телъхьэт

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм, терроризмэм пэщІэт Іуэхухэр ирагъэкІуэкІыу къызэпаудащ Налшык къалэм щыпсэу, илъэс 20 зи ныбжь Жабоевэ Д. А. зэрихьэ хабзэншагъэр.**

КЪЫЗЭРЫЩІЭКІАМКІЭ, абы «Интернет» хъыбар-телекоммуникацэ сетыр къигъэсэбэпурэ терроризмэр дэзыІыгъ тхыгъэхэр зэбгригъэхырт.

Ипщэ округым и дзэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткІэ Жабоевэ Д. А. цІыхубзыр къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 205.2 статьям и 2-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэмкІэ. Къуэды тралъхьащ икІи электроннэ е хъыбар-телекоммуникацэ сетхэр, абы «Интернет» бэджыхъри хыхьэу, илъэси 2-кІэ къигъэсэбэпыну хуиткъым.

## Яубыдащ

**НаркотикхэкІхэр хабзэншагъэкІэ игъэкІыным пэщІэт Іуэхухэр ирагъэкІуэкІыу Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм наІуэ къащІащ Сыбыр федеральнэ щІыналъэм щыщыр афиянхэкІхэр ди республикэм кърашэныр къызэгъэпэщыным зэрыпыщІар.**

ИРАГЪЭКІЫНУ зыхэта «мефедрон» наркотикхэкІ кг 2,3-м щІигъу къытрахащ.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и Следственнэ ІэнатІэм уголовнэ Іуэху къиІэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, 238.1 статьям и 5-нэ Іыхьэм япкъ иту. Хабзэм къызэригъэувымкІэ апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зылэжьар и гъащІэр лъэхъуэщым щихьыну ягъэтІысынкІэ хъунущ.

# ЦIыху Iэпкълъэпкъым и щэхухэр

● Фи лъэIукIэ

***ЦIыху Iэпкълъэпкъым нэхъ телъыджэ щIыуэпсым къигъэщIакъым. Абы и лъынтхуэ километр бжыгъэхэр зэхэмызэрыхьу зэрылажьэр, псантхуэхэм къалэну ягъэзащIэр, лъым зэрызигъэкъэбзэжымрэ вирусхэм зэрезауэмрэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Къыхэгъэщыпхъэщ цIыхум и щхьэ куцIым ихъумэф информацэм хуэдиз зыгъэIэкIуэ компьютер нобэр къыздэсым зэрамыщIыфари.***

***Анатомием щхьэхуэ-щхьэхуэу едж Iэпкълъэпкъыр: къупщхьэлъапщхьэр, псантхуэр, лъынтхуэр, ныбэм илъ пкъыгъуэхэр, лым я ухуэкIэр. Дэри абыхэм зэхэгъэщхьэхукIауэ дриплъэнщ.***

## Къупщхьэ лъапщхьэм и зэхэлъыкIэр

ЦIыхум и къупщхьэлъапщхьэм лыри, щIыфэри, лъынтхуэхэри ешэкIащ, абы Iэпкълъэпкъыр захуэу еIыгъ, зэрегъакIуэ икIи кIуэцIфэцIым и «хъумакIуэщ». Сабий къалъхуагъащIэм къупщхьэ 270-рэ иIэщ, ауэ цIыхур балигъыпIэ щиувэм ирихьэлIэу и къупщхьэлъапщхьэр пкъыгъуэ 205 - 207-рэ ирикъужу аращ – языныкъуэ къупщхьэхэр зэпокIэж. Псалъэм папщIэ, щхьэ къупщхьэр, шхужьыр, тхым щыщ IупщIэ зыбжанэ, нэгъуэщIхэри. Къупщхьэхэр псори хуэрэ псантхуэкIэ зэпыщIауэ зэрощIэ. ГъэщIэгъуэнракъэ, щхьэ къупщхьэр пкъыгъуэ 23-уэ зэпкърылъщ, тхыр – 32-34-уэ, дзажэмрэ бгъэгумрэ – 25-уэ, Iэр – 64-уэ, лъакъуэр – 62-уэ.

Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, къупщхьэхэр налъэ-налъэу зэпкърылъщ, я зэхуакум дэт ткIуаткIуэм зригъэбыдылIэу. Къупщхьэм йокIуалIэ эндост, хъыщт, лъынтхуэ, псантхуэ, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу, къупщхьэ гъуанэхэм илъщ лъыр къэзыгъэщIыж куцIыр. А псори зэуIу хъумэщ, къупщхьэм и къалэныр щигъэзащIэр. КъищынэмыщIауэ, къупщхьэм хэлъщ Iэпкълъэпкъыр зыхуэныкъуэ шыгъу зэмылIэужьыгъуэхэр: кальций, калий, натрий, нэгъуэщIхэри.

Къупщхьэлъапщхьэм хеубыдэ щхьэ къупщхьэр, тхыр (мыр Iыхьэ-Iыхьэу егуэшыж: пщэгурыгъ, пщэ тхыIупщIиблыр, бгъэ тхыIупщIэ 12-р, бгы тхыIупщIитхур, кIэпкъ тхыIупщIитхур, кIапцIэ тхыIупщIиплIыр жиIэу), дамэр, шхулъэр, блэгъукIэр, блыпкъыр, IэфракIэр, IэфракIэщIагъыр, Iэпщэ зэрытыпIэр, Iэпхъуамбэ къупщхьэхэр, Iэгу къупщхьэхэр, дзажэхэр, шхужьыр, куэпкъыр, гъуэбзиикIэр, гъуэбзиикIэщIагъыр, лъэтхьэмпэр.

ЦIыхум и къупщхьэлъапщхьэм хьэлъэшхуэ хуэшэчыну, лъагэ гуэрым къелъэмэ мыкъутэну быдэу къигъэщIащ. Псалъэм папщIэ, куэпкъым и зы сантиметр зэбгъузэнатIэм хуэзэу тонн 58-рэ ешэч! Абы къыдэкIуэу, Iэпкълъэпкъым къупщхьэу илъым и хьэлъагъыр килограмми 9 ирикъуу аращ. Къыхэгъэщыпхъэщ ныбэрылъыр мазищ щрикъум ирихьэлIэу ищхьэIуэкIэ дызытепсэлъыхьа къупщхьэ 270-р зэриIэр.

Къупщхьэ нэхъ ин дыдэу Iэпкълъэпкъым илъыр куэпкъращ (сантиметр 37-45-рэ и кIыхьагъщ), нэхъ цIыкIу дыдэхэр (сантиметр 0,5 мэхъу дэтхэнэри) тхьэкIумэкIуэцIым илъщ, тхьэкIумэIупсым и щIыбагъ къыдэлъу.

КIуэцIыр зэрыузым, щIыфэр къызэрилъэлъым хуэдэу, ди къупщхьэхэри «сымаджэ» мэхъу, зыхуэныкъуэ витаминхэмрэ химие пкъыгъуэхэмрэ ямыгъуэтмэ. Псалъэм папщIэ, джэдыкIэ кугъуэ, шэ, дыгъэпсыр къызэмэщIэкI цIыхум витамин D хуэчэмщи, и къупщхьэхэр махэ, къуаншэ мэхъу, къопщIантIэ, армырми къемэщIэкI кальцийр Iэпкълъэпкъым къэрелъэсыкI. Нэхъапэм рахитыр (аращ зэреджэр а узым) узыфэ мыхъужу къалъытэрт, ауэ ар къызыхэкIыр къахута нэужь, зэфыкIхэми я бжыгъэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Щхьэ къупщхьэр, зэрыжытIащи, нэхъапэIуэкIэ зыбжанэу зэхэлъауэ, зэгуэкIэжа къупщхьэщ. Аращи, къыхагъэщхьэхукI щхьэкупцIапцIэ къупщхьэр, натIэ къупщхьэр, нэзэрыхъэр, нэпкъыр, нэжьгъыр, жьэ пхъэбгъур, жьэпкъыр. КIэщIу жыпIэмэ, цIыху щхьэ къупщхьэр Iыхьэ 28-уэ зэхэлъщ икIи абыхэм я зэпылъыпIэхэр IэпхъуамбэкIэ къыпхуэгъуэтынущ, утеIэбэмэ.

Щхьэм дыркъуэ игъуэтыныр псом нэхърэ нэхъ шынагъуэщ, сыту жыпIэмэ, Iэпкълъэпкъ псор зезыгъэкIуэж, псантхуэхэр зэкIуэлIэж щхьэ куцIыр абы илъщ. Ауэ щхьэ къупщхьэм иIэщ зэфIэкI телъыджэ, цIыхур щхьэкIэ техуа нэужь, зэрытехуа щIыпIэм хэлъ къупщхьэм удыныр щабэ ищIыфу, адрей къупщхьэхэм лъимыгъэIэсу, я зэпылъыпIэм деж къыщызэтригъэувыIэу. Щхьэ къупщхьэр зы къупщхьэ хъурей закъуэу щытамэ, джэдыкIэр зэрыкъутэм хуэдэу, зэгуэпкIынут.

Нэхъ гъэщIэгъуэныжу зэхэлъщ цIыхум и тхыр. Тхыр къупщхьэ 33-рэ ирокъу. Абыхэм зэреджэр тхыIупщIэщ. Щхьэ къупщхьэ лъабжьэм къыкIэщIэт тхыIупщIитIыр – пщэгурыгъыр – адрейхэм ещхькъым. Япэм зэреджэр атлантщ. Абы щхьэр зэриIыгъым къыхэкIыу, пасэрей цIыхушхуэхэм я цIэр фIащащ. ЕтIуанэм щхьэмрэ пщэмрэ зэпещIэ икIи цIыхум и щхьэр зэригъэкIэрэхъуэфыр, зэригъэсысыфыр абы и фIыщIэщ. ТхыцIэм къыхокI бгъэм илъ пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр (тхьэмбылымрэ гумрэ) зыхъумэ дзажэхэр. АдэкIэ, цIыхур зезыгъакIуэ шхужьымрэ куэпкъымрэ тхыцIэм и лъабжьэм къыпоувэ.




## ЛыпцIэм и ухуэкIэр

Пэжщ, Iэпкълъэпкъыр зыIыгъыр къупщхьэращ, ауэ ар езыр-езыру зэфIэтыфынутэкъым, лыпцIэ ешэкIауэ, хуэмрэ псантхуэхэмрэ къупщхьэр ямыунэтIу щытамэ. Къупщхьэхэми хуэдэу, лыпцIэри Iыхьэ-Iыхьэу зэхедз, икIи абыхэм я бжыгъэр 600-м щхьэпрокI. Языныкъуэ лыпцIэхэм (псалъэм папщIэ, Iэпщэм е куэм) я лэжьэкIэр тлъагъуу, зыхэтщIэу щытми, дызэриIэр дымыщIэххэу лыпцIэ куэд дыдэ кIуэцIми илъщ. Апхуэдэу, лыпцIэ щхьэхуэщ гури, лъатэри, бгъэмрэ ныбэмрэ я зэхуаку дэлъ, цIыхум и тхьэмбылыр зыгъэлажьэ диафрагмэри, нэгъуэщIхэри.

ЛыпцIэр налъэ кIыхьурэ зэхэлъщ, языныкъуэхэр къупщхьэм ешэкIыпащ, адрейхэр хуэкIэ къупщхьэм епхащ. ЦIыхум нэхъыбэрэ къигъэсэбэп лыпцIэхэр нэхъ ин мэхъу. Псалъэм папщIэ, къыщикIухькIэ и лъэнкIапIэм, куэм, пхэщIыщхьэм нэхъ трекъузэри, ахэр нэхъ инщ. Апхуэдэщ Iуэху щищIэкIэ, щыIэбэкIэ къигъэсэбэп Iэпщэри. ЦIыхум и хьэлъагъым и Iыхьэ щанэр зыубыдыр дызытепсэлъыхь лыпцIэхэращ.

Къупщхьэхэми хуэдэу, лыпцIэ Iыхьэ къэс къалэн щхьэхуэ егъэзащIэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, нэщIащэм къекIуэкI лыпцэм напIэр зытрепIэ, зэтрехыж, натIэм телъым уи напщIэр дрешей, Iэпщэм телъым IэфракIэ къупщхьэр егъэлажьэ, ныбэм телъ лыпцIэм цIыхум и пкъым зрегъэгъазэ, куафэм телъым лъэгуажьэр зэфIегъауэ, гъуэбзиикIэм телъым лъэтхьэмпэр зэрегъакIуэ, лъэнкIапIэм лъэдакъэр къеIэт, пщэм хэлъым щхьэр егъэкIэрахъуэ. Спортым хэтхэм нэхъыбэрэ ягъэлажьэ лыпцIэм елъытауэ я теплъэми зехъуэж.

ЦIыхум и Iэпкълъэпкъым лыпцIэ нэхъ ин дыдэу илъыр и пхэщIыщхьэрщ, нэхъ лъэщыр и гур аращ.

Дэтхэнэми ицIыхуу къыщIэкIынущ хуэш жыхуаIэр. ЦIыхум куэдрэ Iуэху ищIэмэ е спортым зыдригъэхьэхрэ лыпцIэр зэпымычу лажьэмэ, ар ешэщIри, зыри сэбэп мыхъуу, лыпцIэр къимыутIыпщыжу щIешэ. Абы зэреджэр хуэшщ. Апхуэдэхэм деж щIиша лыпцIэм хуэзэу мастэ хаIури, псынщIэу къеутIыпщыж.

## Лъынтхуэхэм я лэжьэкIэр

Iэпкълъэпкъым апхуэдизкIэ лъынтхуэ куэд хэлъщи, ахэр псори зэпыпщIэрэ къыупщатэмэ, и кIыхьагъыр километр 96500-рэ ирикъунут. Ар ЩIы экваторым и кIыхьагъым нэхърэ тIукIэ нэхъыбэщ! ЦIыхум лъыуэ щIэтым – литри 5 – зы дакъикъэм къриубыдэу Iэпкълъэпкъыр къызэхекIухь, гум кърихуэкIыурэ.

Лъыр гъэщIэгъуэну зэхэлъщ. Абы хеубыдэ плазмэ, тромбоцит, лейкоцит, эритроцит жыхуэтIэхэр, нэгъуэщIхэри. Лъым и къалэн нэхъыщхьэр - цIыхум шхыным, псым, хьэуам къыхих къарур, къэуатыр, кислородыр Iэпкълъэпкъым лъигъэсынырщ, вирусхэмрэ уз зэмылIэужьыгъуэхэмрэ ебэныным. Хущхъуэншэу зегъэкъэбзэжыф лъым. Апхуэдэу, лейкоцитхэм Iэпкълъэпкъым къеуэлIа узымрэ вирусхэмрэ е «хэлIыкIа» клеткэхэр къаухъуреихьри, «йозауэ, яшх». ИужькIэ ар гъутхьэпсым хэлъу Iэпкълъэпкъым къыпкърокIыж. Апхуэдэхэм деж цIыхур плъыржьэр мэхъу. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, лъыр узым ебэну аращ, температурэр дэкIуеямэ.

Лъыр куэдрэ псэукъым. Эритроцитхэр мазиплI, тромбоцитхэр махуи 10, лейкоцитхэр махуи 6-9 къэс мэкIуэдыж. ДэнэтIэ, лъыр къыздикIыр, апхуэдэу щыхъукIэ?! НэхъапэIуэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, лъыр къыщыунэхур къупщхьэ гъуанэхэм илъ куцIырщ. Сабий къалъхуагъащIэхэм къупщхьэу хэлъым лъы къабзэ къагъэщI, балигъым и къупщхьэшхуэхэращ лъыр къыщыунэхур.

ЦIыхур сымаджэ щыхъуам деж анализ ирагъэт. Абы папщIэ, Iэпэм, Iэблэм лъы къыхаш. Дэ а псори лейуэ къытщохъу, ауэ лъым и зэхэлъыкIэм теухуауэ дохутырым къыхуэхутэнущ сымаджэм къефыкIыр.

ЩыIэщ хущхъуэкIэ яхуэмыгъэхъуж узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэм деж цIыхум и лъыр зэрыщыткIэ яхъуэжын хуей мэхъу.

ГупиплIу ягуэш лъыр – 1, 2, 3, 4-нэ жиIэу. Языныкъуэ гупхэр зэхозагъэ, языныкъуэхэр къыпхакIэну шынагъуэщ. ЦIыхум емызэгъ гупым щыщ лъы хакIэмэ, лIэнущ.

## КIуэцIфэцIым и зэхэлъыкIэр

Пэ кIуэцIым къыщыщIэдзауэ, куэтэным деж щиухыжу цIыхум пкърылъ пкъыгъуэхэм кIуэцIфэцIкIэ уеджэ хъунущ. Къедбжэну ахэр: бзэгу, пэ кIуэцI, тэмакъ, тэмакъыщIэ, къурмакъей, тхьэмбыл, гу, бгъэлыцI, ныбэлыцI, тхьэмщIыгъу, шхалъэ, зэз, лъатэщIыб шхынгъэткIу (хьэбзэгупэ), жьэжьейхэр, чэ, гъутхьэпсылъэ, лъхуадэхэр, лъхуалъэ, кIэтIий гъум, кIэтIий псыгъуэ, куэтэн.

Тхьэмбылымрэ гумрэ адрей пкъыгъуэхэм щыщ зэран къахуэмыхъун, къищынэмыщIауэ, цIыхур щыбауэкIэ къыдэIэпыкъун папщIэ, абыхэм ныбэлыцIыр къыкIэщIэтщ.

Шхыныр къурмакъейм еха нэужь, лъатэм (шхалъэм) къыщохутэ. Кислородымрэ ферментхэмрэ ерыскъыр ягъэткIури, кIэтIий псыгъуэмкIэ ягъэкIуатэ. Абдеж белокыр, углеводыр, дагъэр, витаминхэр, шыгъухэр кIэтIийм щызыщIефри, Iэпкълъэпкъым ирегуашэ, лъым хэту. КIэтIийр зэпымычу мэлажьэ. Ауэрэ, «гъэсыныпхъэм» хэт псыр кIэтIий гъумым зыщIеф, абы къыщыхута нэужь. Iэпкълъэпкъыр зыхуеину псори шхыным къыхиха нэужь, къэнэжыр куэтэным йохри, къыдохыж.

А Iуэхум къепхащ лъатэщIыб шхынгъэткIури, тхьэмщIыгъури, зэзри. Шхалъэм и щIыбагъ къыдэлъ шхынгъэткIум и фIэщыгъэм къызэригъэлъагъуэщи, и къалэн нэхъыщхьэр шхыныр зыгъэткIу ткIуаткIуэмрэ инсулинымрэ къигъэщIынырщ. ТхьэмщIыгъум лэжьыгъэшхуэ егъэзащIэ, ауэ абы и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ кIэтIий псыгъуэм къикIыу, гум кIуэ лъыр игъэкъэбзэныр. Ерыскъым е псым хэлъу Iэпкълъэпкъым щхъухь лъэIэсамэ, ар къэзыгъэувыIэр тхьэмщIыгъур аращ. КъищынэмыщIауэ, мы пкъыгъуэм щызэхуэхьэсащ витамин куэди, Iэпкълъэпкъыр зыхуэныкъуэ витамин лIэужьыгъуэмрэ бжыгъэмрэ и чэзум къеутIыпщ. Абы къепхащ зэзри - кIэтIий псыгъуэм къыщыхута дагъэр зыгъэткIу ткIуаткIуэр щызэхуэхьэса «чысэр». ЦIыхум и зэзыр кърахми зэранкъым, сыту жыпIэмэ, абы ит ткIуаткIуэр къэзыгъэщIыжыр тхьэмщIыгъур аращ.

ЦIыхум и IэштIымым хуэдиз мэхъу и жьэжьейри. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр – лъыр язу, Iей къыхагъэкъэбзыкIамрэ шыгъумрэ гъутхьэпсым хэлъу цIыхум къыдэгъэхынырщ.

Чэр цIыхум и сэмэгу джабэмкIэ щыIэщ. Ныбэрылъым ар къызэригъэсэбэпымрэ балигъым и Iэпкълъэпкъым щигъэзащIэ къалэнхэмрэ зыкъым. Ныбэрылъым и чэм и къалэн нэхъыщхьэр куцIым щIыгъуу лъы къэгъэщIынырщ. ЦIыху балигъым и чэм лъыр егъэкъабзэ: сэбэп мыхъужыну эритроцитхэмрэ бактериехэмрэ къыхезыкI. Мыбдеж жыIапхъэщ, цIыху балигъым и чэр имыIэжу зэрыпсэуфынур. Абы игъэзащIэу щыта къалэныр занщIэу и пщэ делъхьэ лимфэ системэм.

## Псантхуэхэм я убзыхукIэр

Iэпкълъэпкъыр зезыгъакIуэ къупщхьэхэмрэ лыпцIэхэмрэ зэпызыщIэжри, цIыхум узыр зыхезыгъащIэри, зыгъэбауэри, зыгъэпсалъэри щхьэ кIуцIым екIуэлIэж псантхуэхэращ. Псантхуэхэр пкъыгъуиищу зэхэлъщ: щхьэ куцIыр, тхыцIэм илъ куцIыр, Iэпкълъэпкъ псом игуэша къуэпсхэр. Абыхэм я лэжьэкIэр къыбгурыIуэн папщIэ, мыпхуэдэ щапхъэ къэтхьынщ. ЦIыхум топ къыщыхуадзкIэ, ар къызэрылъатэм, къыщысыну зэманым, къызэриубыдыну щIыкIэм егупсысыну зэман иIэкъым. Аращи, нэм топыр къилъэгъуа нэужь, псантхуэхэм щхьэ куцIым хъыбар ирагъащIэ ар къызэрылъатэмкIэ. Щхьэ куцIым лыпцIэхэм унафэ къахуещI топыр Iэм къригъэубыдыну, е цIыхур IуигъэкIуэтыну, е топым еуэжыну. Ар цIыхум къыдалъхуа зэфIэкIщ.

ЦIыхум и гур къэувыIа нэужь, ар лIауэ ябж. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ, цIыхум и гур къэувыIа нэужь, щхьэ куцIыр иджыри сыхьэт бжыгъэкIэ зэрыпсэуфынур. Абы къыхэкIыу, дохутырхэм цIыхур лIауэ къыщалъытэр и щхьэ куцIым импульс къимытыжмэщ.

**КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.**




**● Псалъэжьхэр**

# Адыгэ и хьэщІэ быдапІэ исщ

♦**Гур кІуэдмэ, лъэр щІэкІкъым.**
♦**Быдэ и анэ гъыркъым.**
♦**Бысымыр хьэщІэм и Іуэхутхьэбзащ Іэщ.**
♦**Адрыщ Іым ущІэдэумэ, мыдрыщ Іыр къыплъысынщ.**
♦**Акъыл зиІэм шыІэ иІэщ.**
♦**Банэ хуэдэу зэхэплъхьэр данэ хуэдэу зэхэпхыжынщи, данэ хуэдэу зэхэплъхьэр банэ хуэдэу зэхэпхыжынщ.**
♦**Бэлэрыгъым гъатхэр къыхуэлъэщ.**
♦**Адыгэ и хьэщІэ быдапІэ исщ**
♦**Гугъэ нэпцІыр щхьэгъэпцІэжщ.**
♦**Бгъащхъуэ гушхуар жьындум жьэхэхуэри ишхащ.**
♦**Бгъуэ егъапщи, зэ пыупщІ.**
♦**ГужьеигъуафІэ унэхъугъуафІэщ.**
♦**Бзаджэ гъусэм мысэ уещІ.**
♦**Гунэс ямыщІ саугъэт умыщІ.**
♦**Акъылыф Іэм делэми бзэ къыхуегъуэт.**
♦**Бзылъхугъэ пшэрыхь хущанэ.**
♦**Биижь умыгъэблагъи, уи адэ и благъэжь умыбгынэ.**
♦**Бийр къыпщытхъурей хъумэ, умыбэлэрыгъ.**
♦**Блэр мэжей жыпІэу и кІэм утемыувэ.**
♦**Губгъуэм ущымыкъэрабгъэ, унэм ущымылІыхъужь.**

**● Псалъэ шэрыуэхэр**

# Имылъ къолъэт

♦**ИкІута из хъужыркъым.**

Пхэщ Іар, пфІэкІуэдар пхузэфІэгъэувэжынукъым, зыІэрыбгъэхьэжыфынукъым, бгъуэтыжынукъым жыхуиІэщ.

♦**Ем щыгъуэ бжьэдыгъур зэшщ.**

ЩытыкІэ гугъум цІыхур зэрешалІэ, гъунэгъу зэхуещІ.

♦**Имылъ къолъэт.**

Фочыр нэщІщ жыпІэу уримыджэгу, ар узэдауэ къыщІэкІыу щІэщхъу къызэрыпщыщ Іын пщІэнукъым жыхуиІэщ.

♦**Гъуэгум пкІэлъей ебдзмэ, кІэщІ мэхъу.**

Гъуэгум хъыбар щыжыпІэмэ, ущыуэршэрмэ, зэшыгъуэ хъуркъыми, гъуэгуанэр къыптехьэлъэркъым.

♦**Узыхьыну псым псы пэгун хикІэнущ.**

Іуэху щІэпхъаджэ зылэжьыф цІыху гущІыІэм хужаІэ.

♦**ЦІыхубзым пшэрыхь хущанэ.**

ЦІыхубзым Іыхьэлейуэ пщІэ, нэмыс, Іулыдж зэрыхуащІыр, и щІыхьыр зэрахъумэр, зэрамыгъэщ Іэхъур уигу къэзыгъэкІыж псэлъафэщ.

**ЩАУЭ Къэлидар.**

**● Шхыныгъуэхэр**

## Хьэлыуэ-къылыш



Гуэдз хьэжыгъэ хужьыр тепщэчышхуэм ираухуанщ Іэри кумб хуащІ, абы джэдыкІэ уда, шыгъу, фошыгъу иралъхьэ, пщагъэ хакІэри, шэ хуабэкІэ япщ мыбыдэ дыдэу, тэджын щхьэкІэ и щхьэм хъыдан тепІауэ зы сыхьэткІэ щагъэт. Іэнэм сэхуран дагъэ щахуэ, тхьэв Іыхьэ къыпаупщІри зэпэплІимэшхуэу е хъурейуэ, и Іувагъыр мм 4-5 хъууэ яху, абы тхьэв хъурей пІащІэ цІыкІухэр, я къэухьыр см 5 хуэдизурэ къагъэжыхь. Ахэр тІэкІу хаш, тэрхьэлыуэ тыкъыр (г 15) тралъхьэ, тхьэв кІапэхэр кхъуафэжьей цІыкІу теплъэ яІэу зэтрагъапщІэ. Апхуэдэу ягъэхьэзыра хьэлыуэкъылышыр тІэкІу ягъэтэджыну хуабапІэм дакъикъи 5-6-кІэ щагъэт. ИтІанэ, градуси 150-160-рэ зи пщтырагъ дагъэм халъхьэри, зэрагъэдзэкІыурэ ягъажьэ, лэкъумым хуэдэу дыщафэ къытеуэху. Абы и гъэжьэным ихьыр зы дакъикъэ нэблагъэщ. Хьэлыуэр фошыгъу шей и гъусэу хуабэуи щІыІэуи яшх.

***Халъхьэхэр:*** гуэдз хьэжыгъэу - г 200, джэдыкІэ цІынэу - 2, пщагъэу - г 5, фошыгъуу - г 10, пщагъэм хакІэ шэуэ - г 20, кІапэхэр зэрызэкІэрагъапщІэ джэдыкІэ цІынэу - 1, тэрхьэлыуэу - г 120-рэ, шыгъуу, зэрагъэжьэну тхъууэ е сэхуран дагъэу - узыхуейм хуэдиз.

## Пщагъэ зыхэлъ щІакхъуэ

Гуэдз хьэжыгъэм джэдыкІэ хакъутэ, пщагъэрэ шыгъурэ зыхэлъ псы хуабэ хакІэри, тхьэвыр япщ. Абы и щхьэм хьэжыгъэ трагъэщащэ, хуабапІэм ягъэуври сыхьэтитІ хуэдэкІэ щагъэт. Тхьэв тэджар тІэкІу щІапщэ, дагъэ зыщыхуа тебэм иралъхьэ, дакъикъи 5 - 6-кІэ щагъэтри, хьэкулъэм ирагъэувэ. Абы иту ягъажьэ щІакхъуэм и тебащхьэр трапІэркъым. МафІэм тетмэ, и тебащхьэр трапІэ, зы лъэныкъуэр жьа иужьи зэрагъэдзэкІ. Хьэкулъэм иту ягъажьэр дакъикъэ 15-18-кІэ хьэзыр мэхъу. ЩІакхъуэр жьа и ужькІэ тхъуэплъ дахэ мэхъу. Абы и щхьэфэм псы щІыІэ тІэкІу щахуэри, щІэуфауэ дакъикъэ зытІукІэ щагъэт, щабэ хъун щхьэкІэ.

***Халъхьэхэр:*** гуэдз хьэжыгъэу - г 500, псыуэ - г 250-рэ, пщагъэу - г 15, джэдыкІэу - 1, шыгъуу, фошыгъуу, тебэщыхуэ тхъууэ - узыхуейм хуэдиз



**КЪУБАТИЙ Борис.**

**● ЦІыхушхуэхэм я гупсысэхэр**

# Пэжыр щІэхъума хъунукъым

**Пэжыр зэи щІэхъума хъунукъым.**

Леонардэ да Винчи,
*итальян щІэныгъэлІ, сурэтыщІ.*

**Нэгу дахэм нэхърэ щІыхь лъагэр нэхъыфІщ.**

Фуллер Томас,
*инджылыз литератор.*

**Куэд зи пщэ дэзылъхьэжым куэд хузэфІокІ.**

Гумбольдт Вильгельм,
*нэмыцэ философ.*

**Тхылъым укъеджэу и купщІэр нэсу къыбгурыІуэным тхакІуэм и пщІэм хуэдизкІэ уи пщІэр къеІэт.**

Павленкэ Петр,
*урыс тхакІуэ.*

**Щхьэхынагъэр гъущІ улъийм ещхьщ - лэжьыгъэм узэрыригъэзэшым нэхърэ нэхъ псынщІэу уи къарур щІех.**

Франклин Бенджамин,
*америкэ щІэныгъэлІ.*

**Зы цІыхур щыкІуэд щІыпІэм цІыхуитІым зыкъыщрагъэлыжыфынущ, зыр зым дэІэпыкъуурэ.**

Бальзак Оноре,
*франджы тхакІуэ.*

**Лэжьыгъэм зэ уесэмэ, арыншауэ упсэуфынукъым. Мы дунейм тет псори зэлъытар лэжьыгъэращ.**

Пастер Луи,
*франджы щІэныгъэлІ.*

**● Ар пэжщ**

## Дунейр гъуджэм хуэдэщ

Аргъуейр бадзэм еупщІащ:

- Мы Іэхэлъахэм удз гъэгъа иту пІэрэ?

- Удз гъэгъам теухуауэ зыри бжесІэфынукъым, ауэ пхъэнкІийрэ цІыхухэр зыхуэмеиж хьэпшып ныкъуэфхэмрэ дэнэ дежи ущрихьэлІэнущ. Уи фІэщ мыхъумэ, къызэхэлъэтыхьи еплъ, плъагъунур куэншыб идзыпІэщ.

КъыжраІа лъэныкъуэмкІэ аргъуейм иунэтІауэ, бжьэ ирохьэлІэ.

- Мыбдежхэм куэншыб щыкуэду жаІащи, урихьэлІауэ пІэрэ? – щІоупщІэ аргъуейр.

- Куэншыб сщІэркъым, ауэ тІэкІу къызэхэплъэтыхьмэ, мы щІыпІэм удз гъэгъа дахэ куэд щыплъагъунущ.

Дахагъэм, гуакІуагъэм гу щылъыптэр абы укъыхуигъэщІамэщ, уигу илъмэщ. Дунейр гъуджэм хуэдэщ, дэтхэнэми езым и теплъэр ирилъэгъуэжу.

## Іуэхугъуищым куэд къыбжаІэ

ЦІыху Іущ гуэрым жиІащ:

Іуэхугъуищым зэи къагъэзэжыркъым: зэманым, псалъэм, Іэмалым.

Іуэхугъуищ зэи зыфІэбгъэкІуэд хъунукъым: шыІэныгъэ, гугъэ, пщІэ.

Іуэхугъуищщ гъащІэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр: лъагъуныгъэ, фІэщхъуныгъэ, ныбжьэгъугъэ.

Мыхьэнэ епт хъунукъым Іуэхугъуищым: къулыкъум, мылъкум, зэрымыщІэкІэ къыпхукъуэкІ насыпым.

ЦІыхур кърипцІыхуну Іэмалищым урикъунущ: лэжьыгъэ, пэжыгъэ, ехъулІэныгъэ.

ЦІыхур зыгъэкІуэдыр Іуэхугъуищщ: шагъыр, пагагъэ, губжь.

ЦІыхум жиІэну къехьэлъэкІ псалъищыр: къысхуэгъэгъу, къыздэІэпыкъу, фІыуэ узолъагъу.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Яхуэмышхын ... жиІэри, ямышхыфын ищІащ. **6**. Махуэ ... щыблэ уэркъым. **7**. ... куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **10**. ... дэм хуэдэщ, анэр нэм хуэдэщ. **11**. Тенджызрэ пэт ткІуэпс-ткІуэпсу ... **13**. Бзаджэм ищІэр фІым ... **15**. ... зыгъэунэри, благъэр зыгъэблагъэри фызщ. **18**. Шыуаным илъыр зымышхыжынур гуэным ... тогужьеикІ. **19**. Си гъунэгъур мэдыхьэшхри ... содыхьэщх. **20**. ... жьакІэ тетщ.

***Къехыу:*** **2**. ... ещэр ... мэхъу. **3**. ... бгъасэми, хьэсэр и плъапІэщ. **4**. Адыгэм ... и щІасэщ. **5**. Зымышхыжын и мэкъумэш ... **8**. ... гуапэщи, ... гуауэщ. **9**. Псэр ..., напэ къащэху. **12**. ... закъуэми джэд хулъэ егъэнщІ. **14**. Уи тепІэн ..., уи лъэ укъуэдий. **16**. ... и псалъэ епцІыжыркъым. **17**. Жьым тесу ... йопыдж.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**



**ФокІадэм и 5-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** **2**. Былым. **6**. Ерыщ. **7**. Азэн. **9**. Жэмыжьыгу. **11**. Мыщэхупщ. **14**. Къебэ. **16**. Къунан. **19**. Фэлъыр.

***Къехыу:*** **1**. Бжей. **2**. Бжы. **3**. Лы. **4**. Мэз. **5**. КІанэ. **8**. ДыщэкІ. **9**. Жэм. **10**. Гуэщ. **12**. Акъыл. **13**. Инал. **15**. Быф. **17**. Нэр. **18**. Гулъ.

# И адэм и щIэинхэмкIэ музейм хуоупсэ

**Художник Трындык Василий СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, и фондым тыгъэ хуищIащ КъБАССР-м щIыхь зиIэ и художник, республикэм мы IэщIагъэм хуеджа и япэ профессиональнэ сурэтыщIхэм ящыщ, и адэ Трындык Николай къыщIэна лэжьыгъэ 24-рэ.**

50 - 70 ГЪЭХЭМ художникым и Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуэжащ щIыуэпсым и теплъэгъуэхэмрэ натюрмортхэмрэ. Ахэр Совет Союзыр зэрыкъутэжрэ утыку къызэрырамыхьам къыхэкIыу куэдым ялъэгъуакъым. Трындык Николай дунейм ехыжа нэужь, и адэм и лэжьыгъэхэр щихъумащ и къуэ Василий Санкт-Петербург щиIэ фэтэрым. Сурэтхэр тынш дыдэу, уасэфIи къапэкIуэу абы хуэщэну щытами, мурад ищIащ и адэм зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ илъагъуу, и сурэтхэр зытриухуэу щыта Къэбэрдей-Балъкъэрым къытхуигъэнэну.

Музейм и унафэщIхэм дыкъагъэгугъэ Налшык щыпсэухэмрэ ди хьэщIэхэмрэ папщIэ а сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ етIанэгъэ къызэрагъэпэщыну. Абы и фIыгъэкIэ къалэдэсхэм Iэмал яIэнущ XX лIэщIыгъуэм икухэмрэ и етIуанэ лъэхъэнэмрэ Налшык иIа теплъэм зыщагъэгъуэзэну, зэрызихъуэжам кIэлъыплъыну.

Трындык Василий лэжьыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуэжахэм щхьэхуэу я гугъу ищIащ. Къапщтэмэ, 1959 гъэм и адэм ищIа «Отдых под весенним солнцем» сурэтым щыболъагъу 1961 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м къызэIуаха, Налшык и архитектор нэхъыщхьэу 1957 - 1968 гъэхэм щыта Мосулишвили Гамлет и проектымкIэ ящIа, тIысыпIэ 800 зиIэ «Эльбрус» шхапIэр зэраухуэр. 1972 гъэм Николай ищIа «Осенние хлопоты» сурэтым къыщигъэлъэгъуащ Василий и анэшхуэр. Абы зэрыжиIэжымкIэ, анэ етIуанэ хуэхъуа, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэр зи гъусэу игъэкIуа анэшхуэр игу къызэринэжам хуэдэ дыдэу лэжьыгъэми къощ. Щыгъупщакъым и анэшхуэм хьитIрэ джэдуитIрэ иIэу, джэдхэр, тхьэкIумэкIыхьхэр игъэхъуу, пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ щигъэкI хадэшхуэ зэрихьэу, фIэIугъэхэр ищIу зэрыщытар. 1974 гъэм Николай и Iэдакъэ къыщIэкIа, «Строится дом в Нальчике» сурэтымкIэ иджы Налшык къыпхуэмыцIыхужынкIэ зэрыхъунур Василий ибзыщIыркъым. Абы къыщыгъэлъэгъуэжащ нэхъапэIуэкIэ Советскэу щыта, иджы КIыщокъуэ Алим и цIэр зезыхьэ, езыхэр щыпсэуа уэрамым асфальт зэрытемылъыр, апхуэдэ унэхэри иджы зэрамыухуэжыр.

Трындык Николай Украинэм къыщалъхуащ, Донбассым щыпсэуащ, щылэжьащ. 1934 гъэм щIэтIысхьащ Луганск и художественнэ училищэм. Зэгуэр, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым зыплъыхьакIуэ къакIуэри, ди щIыналъэм и дахагъэм итхьэкъуати, 1938 гъэм Налшык къытригъэзэри абы щыщIэдзауэ ди къалэм епха хъуащ и гъащIэри и гуащIэри. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщI гъуазджэр зэфIэзыгъэувахэм, абы зезыгъэужьахэм ящыщ зы хъуащ, сурэтыщI ныбжьыщIэхэр игъэсащ. 1939 гъэм Николай яхэтащ КъБАССР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм и бюро къызэзыгъэпэщахэм. А илъэс дыдэм абы япэу утыку щигъэлъэгъуащ и сурэт 20-м щIигъу. «Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым и художественнэ къудамэм 1941 гъэм щыщIэдзауэ и унафэщIу икIи къыхуеджэныгъэхэр, плакатхэр игъэхьэзыру щытащ.

Николай 1942 гъэм фронтым ираджащ. Абы къулыкъу щищIащ Украинэ фронтым и мотострелковэ 160-нэ батальоным. Ар яхэтащ Кавказ Ищхъэрэр, Украинэр хуит къэзыщIыжахэм, Ясскэ-Кишинёвскэ щIыпIэм деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм. ТекIуэныгъэм ар Болгарием щыIущIащ. Хэку зауэшхуэм щыщыIами, зэман тIэкIу къызэрыхудэхуэу, сурэт ищIырт. Зэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ къалъытэри, «За оборону Кавказа», «За победу над Германией» дамыгъэ лъапIэхэр къратащ. 1945 гъэм зауэм къикIыжри газетым и редакцэм къигъэзэжащ. Псэуху, жылагъуэ Iуэхуи лэжьыгъи зэпигъэуакъым. Трындык Николай ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зыгъэбеяхэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



## Къуэблэм фэеплъ хуащI

**● Дзюдо**

**СССР-м дзюдомкIэ спортым и мастер Къуэблэ Екъуб и 13-нэ урысейпсо фэеплъ зэхьэзэхуэ Мейкъуапэ къалэм щекIуэкIащ иджыблагъэ. Зэпеуэм хэтащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 23-м я спортсмену 250-м нэблагъэ. Къиищынэмыщlауэ, зэхьэзэхуэм щытекIуахэм Iэмал ягъуэтащ УФ-м дзюдомкIэ и чемпионату мы гъэм екIуэкIынум я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуэну.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и спортсменхэм зэхьэзэхуэм ехъулIэныгъэфIхэр щаIащ икIи медаль зэхуэмыдэу 5 абы къыщахьащ. Пщыбий Амир щытекIуащ килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж. Байрамуков Алим (кг 60), Уэсмэн Алихъан (кг 60), Уэзы Iэдэм (кг 73-рэ), Мамий Атмир (кг 100) сымэ домбеякъ медалхэр къахьащ.

Командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Куп Эдуард, Махуэ Олег, Джэданэ Залым, Дзухэ Беслъэнрэ Залымрэ.

**МЭРШЭН Батыр.**





## Iэзагъыр йофIэкI щIалагъэм

**● Футбол**

**Урысей Федерацэм и Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ щIыналъэхэм футболымкIэ ещанэ дивизионым щрагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ щэбэт кIуам Нарткъалэ щызэIущIат щIыпIэ «Нартымрэ» Алътуд и «Искра»-мрэ. Абы щызэпэщэIуват щIалэгъуалэ защIэу (школакIуэхэри яхэту) зэхагъэува хэгъэрейхэмрэ къэралым и командэ лъэщхэм щыджэгуауэ къекIуэлIэжа футболист Iэзэхэр зыхэт хьэщIэхэмрэ.**

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ зэращымысхьынур Алътуд и «Искра»-м и футболистхэм псынщIэ дыдэу наIуэ къащIащ. ЗэпэщIэтыну къихьахэр псори зэдгъэцIыхуну дыхунэсатэкъым, джэгуурэ, абыхэм бжыгъэр къыщызэIуахам. ЕпщыкIубгъуанэ дакъикъэм ирихьэлIэу ар тIэунейрэ ягъэбэгъуащ икIи загъэпсэхуну щикIым ирихьэлIэу хьэщIэхэр 4:0-у япэ ищат.

АдэкIэ нэхъыжьыIуэхэр къызэтеувыIэн ди гугъат. Арщхьэкlэ къызэрихьэжу етхуанэ топри дагъэкIащ.

Нарткъалэдэс ныбжьыщIэхэм я къарури зэфIэкIри къанэ щымыIэу джэгум халъхьэрт, ауэ апхуэдэ куэд зылъэгъуа я ныкъуэкъуэгъухэм яфIэкIыфыртэкъым. Нэрылъагъу къыщащI хуэдэт езыхэр здынэса лъагапIэхэм къыщыхутэн папщIэ гъуэгуанэ гугъу икIи кIыхь къазэрыпэщылъыр.

Бжыгъэшхуэкlэ къызэрыхагъащIэм хуэдэу, «Нарт» ныбжьыщIэхэр ерыщу ипэкIэ кIуатэрт, зыхъумэжыныгъэр къагъэтIасхъэу. Я хьэрхуэрэгъу Iэзэхэм ари дэгъуэу къагъэсэбэпащ икIи бжыгъэр 7:0-м нагъэсащ.

ЗыдэщIхэр апхуэдэу хэпщIыкIыу къырагъэкIуэтами, стадионым къекIуэлIахэм зэпэщIэта лъэныкъуитIми фIыщIэ хуащIащ: Алътуд къикIахэм я щIалэгъуалэм дерс щхьэпэ зэрыратам, нарткъалэдэсхэм я ерыщагъым папщIэ.

Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъ Псынэдахэ и «Родник»-ми Iэзагъым и дерс яригъэлъэгъуащ Элиста къикIа «РСШОР-Уралан»-м и футболист ныбжьыщIэхэм. Нэхъапэм гуп лъэщхэм щыджэгуа щIалэхэр щызэхуашэса ди командэр 8:1-уэ текIуащ икIи чемпионыгъэм нэхъ пэгъунэгъуж хъуащ. А зэIущIэм къыщыхэжаныкIахэу Бэчбо Муратрэ Урысбий Ратмиррэ гъуащхьауэхэм я зэпеуэм иджы щыпашэщ. Япэм мыгъэрей зэхьэзэхуэм топ 14 щыдигъэкIащ, етIуанэм - 11. Абыхэм къакIэлъокIуэ пщIэрыпщIэ я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэр хэзыгъэщIа Аппаев Хъызыррэ (Алътуд и «Искра») Раджабов Аминрэ (Астрахань и «Волгарь-М»).

КъБР-м и командэ къыхэхамрэ «Налшык» футбол школымрэ я гуп зэхэтым щэбэт кIуам Астрахань зэIущIэ гугъу щригъэкIуэкIащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ахэр 0:1-уэ къыхагъэщIащ.

Нобэ зи чэзу джэгугъуэр зэхэтынущ. «Нартым» и футболист ныбжьыщIэхэм аргуэру Iэзагъым и дерс къратыну фэ тетщ. Ахэр яIущIэнущ Псынэдахэ и «Родник»-м икIи, нарт Сосрыкъуэ хуэдэу, нэхъри псыхьауэ абы къызэрыхэкIыжынум шэч хэлъкъым. «Искра»-м къригъэблэгъэнущ Астрахань и «Волгарь-М»-р, КъБР-м и командэ къыхэхамрэ «Налшык» футбол школымрэ я гуп зэхэтым и хьэщIэнущ Ставрополь крайм и Михайловск къутырым и «Витязь»-р.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизион.*
*Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ щIыналъэхэм я командэхэр зыхэт гуп*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Родник»** | **16** | **15** | **1** | **0** | **73-9** | **46** |
| **2. «Искра»** | **16** | **14** | **0** | **2** | **61-13** | **42** |
| **3. «СтавропольАгроСоюз»** | **14** | **11** | **2** | **1** | **40-11** | **35** |
| 4. «Волгарь-М» | 15 | 9 | 2 | 4 | 34-18 | 29 |
| 5. «РСШОР Уралан» | 16 | 9 | 1 | 6 | 33-26 | 28 |
| 6. «Витязь» | 15 | 4 | 3 | 8 | 26-23 | 15 |
| 7. «КъБР-Налшык ФШ» | 15 | 4 | 1 | 10 | 14-38 | 13 |
| 8. «Нарт» | 16 | 3 | 4 | 9 | 14-36 | 13 |
| 9. «Анжи» | 15 | 4 | 1 | 10 | 18-39 | 13 |
| 10. «Вайнах» | 15 | 1 | 4 | 10 | 17-54 | 7 |
| **11. «Куэсто Кальчо»** | **15** | **0** | **1** | **14** | **8-71** | **1** |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.114 • Заказыр №1960

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А